ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№151 (22.809) • 2014 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 1, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм зэхъуэкІын.

2. ЩІыгъу гуэдзэнхэр къэщтэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Граждан жылагъуэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр.

3. Къару ямыІэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м къыдигъэкІа Указ №25-УП-м и 2-нэ пунктым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м къыдигъэкІа Указ №11-УП-м;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьынымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм 2006 гъэм мазаем и 3-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ №11-УП-мкІэ хъащтам зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм шыщхьэуІум и 22-м къыдигъэкІа Указ №113-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м къыдигъэкІа Указ №11-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэкъуаугъуэм и 8-м къыдигъэкІа Указ №79-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэкъуаугъуэм и 8-м къыдигъэкІа Указ №11-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м къыдигъэкІа Указ №61-УП-м.

4. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщыхатрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м
№148-УГ

Указым и гуэдзэнхэр 2-нэ нап.итщ

● Лъэпкъ Іуэху

Дызэкъуэтмэ - дылъэщщ

Зи хэку къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэу ягъэувар ауэ сытми хагъэнэхукІа къудейкъым, атІэ хэхэсхэм къагъэзэжьын щыщІадза, адэжь лъахэм и бжэр и бынхэм щахузэІуиха махуэ лъапІэщ.

Илъэс 16 и пэкІэ, 1998 гъэм шыщхьэуІум и 1-м, Адыгэ Республикэм ягъэ дыдэу и хэкуэгъу гуп къриГъэблэгъэжауэ щытащ. Ахэр Югославие Союз Республикэм хыхьэ Косовэ автоном крайм къыщыхъуа зауэм игъэдыха и къуэшхэм ягъэжьэри, щЫналъэ яригъэгъуэтыжащ.

Къэзыгъэзэжахэр ди къэралым щекІуэкІ гъащІэм хэзэгъэн папщІэ хэзыгъэгъуазэ, щІэгъэкъуэн яхуэхьун Іуэхущ1апІэхэр къыхуэзІуахауэ щытащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэраци, хэкум къэзыгъэзэжахэм Мейкъуапэ пэгъунэгъуу щІы щратри, Махуэхьэблэ къуажэр къэунэхуащ. Нобэкіэ а къуажэм унагъуэ 22-рэ щопсэу, цІыхуу дэсым я бжыгъэр щэм щІегъу.

Ар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ «Дыдзэкъуэтмэ - дылъэщщ» адыгэ псалъэжьым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Хэкум къэзыгъэзэжахэм ятеуха тхыгъэм фыкъыщыдежь 6-нэ нап.

● Ар зэрыщытар

ЦІыху гъащІэр зыри и уасэтэкъым

Илъэсищ и пэкІэ, шыщхьэуІум и 1-м щІидзащ Япэ дунейпсо зауэм

Европэм и къэралхэр XX лІэщІыгъуэм хыхьащ гужьгъэжь инхэр зэхуаІэу. Дэтхэнэри хуейт дунейм тепщэгъуэр щиубыдыну, нэгъуэщІхэм къатрихыурэ, езым щЫналъэщІэхэр зыІэригъэхьэну. Хэбгъэзыхьмэ, зэбий къэралхэр гуп-гуп зэрыгъэхуащ. Псоми я дежкІэ белджылыт мафІэщхуэ къызэрылыдынур. Къахуэнэжар зы хуасакІэ закъуэт.

АПХУЭДЭ хъуаскІэ хъуащ 1914 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м Сараевэ (Босние) кьалэм Австро-Венгрие империем и кронпринц (пащтыхьыгъуэ зыІэщІыхьэну) Фердинанд Франц зэрыщаукІар. Мазэ нэхъ дэмыкІыу, ар и тегъэщІапІэу, Австро-Венгрием Сербием зауэ ирищІыпІащ. Славян лъэпкъхэм сыт щыгъуи къадэщІ зи хабзэ Урысейри щыщхьэуІум и 1-м зауэм хьхьащ Германиер къытеуа иужь. МазуитІ дэкІри, Франджыри Бельгиери, щыщхьэуІум и 4-м Инджылызри Германием пэщІэуващ. Инджылызым, Франджым, Урысеим къызэрагъэпэща Антантэм къэрал 34-рэ къыдэщІырт, 4-р Германиемрэ Австриемрэ я лъэныкъуэт. Зауэ Іуэхуэхэм къызэщІаубыдащ Европэр, Азиер, Африкэр. Зэхэуэхэр хы псоми, тенджызы куэдми щекІуэкІырт. Ахэр щынэхъ гуащІэр Европэрт. Мыбы щыІэт зауэр зэриухынур зэлъыта фронтитІ: КъухьэпІэр - Франджым, КъуэхьпІэр - Урысейм. Апхуэдэ щыкІэкІэ щІидзащ а зэманыр хъасыху тхыдэм щымыІа зауэщхуэ дыдэм - Япэ дунейпсо зауэм.

Тхыдэджхэр иджыри къэс иризодауэ Урысейр абы хыхьэн хуей щІэхъуам и щхьэусыгъуэм теухауэ. Япэрауэ, ар щЫналъэщІэ хэзыгъуэтэкъым, уеблэмэ езым ейр хузехьэжьртэкъым. ЕтІуанэрауэ, а зауэм хузехьэзыртэкъым.

1914 гъэм и шыщхьэуІум германыдзэхэр Париж гъунэгъу дыдэ хуэхъуат. Арщхьэкіэ Франджыр хагъэщІэну хунэсакъым: шыщхьэуІум и 23-м Германием и бийуэ зэхуэващ Япониер, жэпуэгъуэм нэмыцэхэм кьадэщІу зауэм хьхьащ Тыркур. Псоми кьагурыІуащ ар псынщІэу зэрымыуахынур. Апхуэдэуи хуащ: зауэр илъэсиплІым щІигъкІэ екІуэкІащ (щиухар 1918 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-рщ). Абы хэтащ цІыху мелуан 74-м щІигъу. ЦІыху мелуани 10 хэкІуэдащ, мелуан 20-р ныкъуэдыкъуэ хэхъуьащ. А зауэм Европэм и къэрал нэхъ лъэщ дыдэхэр кьызэтригъэщхащ икІи дунейм политикэ щытыкІэщІэ щигъэуващ.

1917 гъэм и жэпуэгъуэм революцэ кьэхъури, Урысейр зауэм къыхэкІыжащ, Германием ирищыІпІа мамыр зэгурыІуэныгъэр и лъабжьэу. Ауэ ар нэмыцэхэм сэбэн яхуэхъуакъым: 1918 гъэм и Гъатхэпэм КъухьэпІэ фронтым къэкІуащ илъэс и пэкІэ зауэм хьхьа США-м и дзэхэр. ИкІэм-икІэжьым Германием и зауэлІхэм Франджым и щЫналъэр ябгьнэн хуей хуащ. Апхуэдэ щытыкІэм къыхэкІыу Германиемрэ революцэ щекІуэкІащ: щэкІуэгъуэм и 9-м абы монархиер щытрадзащ. МахуитІ нэхъ дэмыкІыу Германием зиумысижьын хуей хьащ къызэрыкъуэгъащІамкІэ. Акъэралым ахъшэхуэ яритыжащ къытекІуахэм (дауи, абыхэм яхэтакъым Октябрь революцэм и ужькІэ Антантэм къыхэкІыжа Урысейр). 1918 гъэм лъапІэжащ езы Австро-Венгрие империери.

Япэ дунейпсо зауэм ЛІыгъэшхуэ къыщагъэлъэгъуащ Урысейм и бэракъым щІэту лъыгъажэм хьхьа кавказ лъэпкъхэм, адыгэхэри яхэту. Къэбэрдей полки хэтащ Дивизэ Іэлым (Урысейм Кавказым щыщ лъэпкъхэр Іэлу, мыгъэсауэ къыщалъытэу щытащ). Адыгэхэм куэду къьахэкІащ Георгий Жорыр зратахэр. Абыхэм яхэтащ зы жори, жоритІи, жорищи, уеблэмэ зэрыщыту жорипліри зыхуагъэфэщащэр. Ди лъэпкъэгъуэгъэ зауэ ІэнатІэ нэхъ гугъу дыдэхэм щызэуащ ЛІыгъэшхуэ къыщагъэлъагъуэу, къэзымыгъэзэжахэри мащІэкъым.

Германием Япэ дунейпсо зауэм къыщигъэсэбэпащ щхьэхъ зыхэлъ газхэр. ИужькІэ къэралхэр зэгурыІуащ ахэр къагъэсэбэпыну хуит ямыщІу.

Уи гугъэнт апхуэдизу лъапсэрых зауэм и бэлыхь псори зыгъэва къэралхэр езыхэм я гуращэхэр ІэщэкІэ пхагъэкІын мурадым пыкІыну. Арщхьэкіэ дунейм къыпэплъэрт нэхъыкІэж - ЕтІуанэ дунейпсо зауэр.

ШАЛ Мухьэмэд.

Меликов Сергей къопсалъэ.

● Архъыз-XXI

Зэхыхьэр езыгъэкІуэкІахэр.

Зэгурыіуэныгъэр зыужьыныгъэм и лъабжьэщ

Къэрэшей-Шэрджэсым и «Архъыз» зыгъэпсэхупІэм щекІуэкІащ «Кавказ Ищхъэрэм и нобэмрэ пщэдеймрэ: лэжьыпхъэмрэ зыужьыныгъэу игъуэтынымрэ» зыфІаща жылагъуэ зэхыхьэ.

АБЫ ХЭТАЩ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ **Меликов Сергей**, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министр **Кузнецов Лев**, КъШР-м и Іэтащхьэ **Темрезов Рашид**, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и унафэщІым и къуэдзэ **Вагапов Сулеймэн**, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэмрэ «Кавказым ис лъэпкъхэм я урысей конгресс» зэгуфхьэныгъэмрэ щыщхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІуущІэр кьызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Прибор ухуэныгъэмрэ информатикэмкІэ Мэзкуу дэт къэрал университетым и кафедрэм и унафэщІ, политикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Панарин Игорь.** Ар кІэщІу къытеувыІащ зэхыхьэм и къалэнхэм. Абыхэм ящыщщ политикэ, экономикэ я лъэныкъуэкІэ XXI лІэщІыгъуэм Кавказ Ищхъэрэм зэрызиужьынум теухуа Іуэху еплъыкІэхэр зэхуэзыгъэкІуэну ІэщІагъэлІэхэр зыхэтыну гуп къызэгъэпэщыныр.

- Мыпхуэдэ зэхыхьэхэм дызэрыхуейрэ куэд щІащ, - къыхигъэщащ Меликов Сергей и псалъэм. - Совет Союзыр къутэжа нэужь, дунейм игъуэта геополитикэ щытыкІэм иужьрей мазэхэм къэхуахэм хуабжьу зрагъэхъуэжащ. Ди нэгу щІокІ ди къэралым и лъэщагъыр зэрызэтеувэжыр, дунейпсо утыкум щекІуэкІ Іуэхутъуэхэм лъэ быдэкІэ зэрахэувэжыр. Ди цІыхухэм я нэхъыбэр абы ину иригушхуэми, Урысеим жыджэру иригъэкІуэкІ къэрал щІыб политикэм ди ныкъуэкъуэгъуэхэр егъэгубжь. Дунейм и щытыкІэм аргуэру зихъуэжащи, зэрыщытам дяпэкІэ къытригъэзэжьнукъым. Шэч зыхэмылъыр зыщ: екІуэкІ Іуэхугъуэ псори сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи ди къэралым къыльэІэсынущ. Ахэр зыхуэдэнур дэри кьыдгурымыІуэу щыткъым. Псом хуэмыдэу, Урысеим дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм и къэкІуэнур ди зэхуэдэ Іуэхущ, сыту жыпІэмэ, хамэ къэрал «ди ныбжьэгъуэхэм» абы псэхупІэ яритыркъым. Аращи, «Архъыз-XXI» зэІуущІэм Кавказ Ищхъэрэм и къэкІуэнум, и зыужьыкІэ хъунум кууэу фыщытепсэльыхь, мы щЫналъэм и жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ щытыкІэм зэрызиужьынум и хэкІыпІэхэм фыщтепсыс. Ар псоми ди зэхуэдэ къэлэнщи, дыщІызэхьха Іуэхум жыджэрагъ хэдвгъалъхьэ.

Вагапов Сулеймэн къызэрыкигъэщамкІэ, къыддекІуэкІ хабзэфІхэр, фІэщхъуныгъэр я лъабжьэу, Урысей зэрыгъэгъуэр гъэбыдэнымкІэ мыпхуэдэ зэІуущІэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ.

- Нобэрей зэманым къигъэувэм хуэфащэу дызэрыпэджэжьым, сатум и хабзэхэм дадэхъуным, ди щЫналъэм и беягъыр фейдэ къыпэкІуэу къэдгъэсэбэпыныр, ди псэукІэр зэхэзытхъуэнкІэ хъуну къарухэм дазэрыпэщІэтыным дыхуэхьэзырын зэрыхуейм - абыхэми нэгъуэщІхэми теухуауэ къэпсэлъащ политик, экономист, къэрал къулыкъущІэ, психолог, хьэрыфэтъущІэ щІэрыІуэхэр.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*



Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа журналистхэм йопсалъэ «Іуащхьэмахуэ» («Эльбрус») эксперт клубым и тхьэмадэ Пащты Борис.

● Лъэпкъ Іуэху

Дызэкъуэтмэ - дылъэщщ

Зи хэку къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэу ягъэувар ауэ сытми хагъэнэхукІа къудейкъым, атІэ хэхэсхэм къагъэзэжьын щыщІадза, адэжь лъахэм и бжэр и бынхэм щахузэІуиха махуэ лъапІэщ.

Илъэс 16 и пэкІэ, 1998 гъэм шыщхьэуІум и 1-м, Адыгэ Республикэм ягъэ дыдэу и хэкуэгъу гуп къриГъэблэгъэжауэ щытащ. Ахэр Югославие Союз Республикэм хыхьэ Косовэ автоном крайм къыщыхъуа зауэм игъэдыха и къуэшхэм ягъэжьэри, щЫналъэ яригъэгъуэтыжащ.

Къэзыгъэзэжахэр ди къэралым щекІуэкІ гъащІэм хэзэгъэн папщІэ хэзыгъэгъуазэ, щІэгъэкъуэн яхуэхьун Іуэхущ1апІэхэр къыхуэзІуахауэ щытащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэраци, хэкум къэзыгъэзэжахэм Мейкъуапэ пэгъунэгъуу щІы щратри, Махуэхьэблэ къуажэр къэунэхуащ. Нобэкіэ а къуажэм унагъуэ 22-рэ щопсэу, цІыхуу дэсым я бжыгъэр щэм щІегъу.

Ар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ «Дыдзэкъуэтмэ - дылъэщщ» адыгэ псалъэжьым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Хэкум къэзыгъэзэжахэм ятеуха тхыгъэм фыкъыщыдежь 6-нэ нап.

Нартыхум зеужь

● Гъавэ-2014

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэщышІэхэм хьэцэпэцэмрэ джэшхэкІхэмрэ Іухыжьынымрэ нагъэблэгъащ. А къэкІыгъэхэр гектар мин 71,5-м е процент 91-м щІигъум щыІуахыжащ. Абыхэм я бэвагъуэ ику иту центнер 30 хуэдиз мэхъу.

ИУЖЬ ДЫДЭУ къата бжыгъэхэм къызэрагъэпъагъуэмкІэ, псори зэхэту гъавэу Іуахыжьын хуейр гектар мин 208,7-м ноблагъэ. Абы щыщу гектар мини 128-м щІигъур нартыхущ. А къэкІыгъэм дэнэ щІыпІи хъарзынэу зыщыжь икІи бэв хъуну мэкъумэшыщІэхэр щогугъ. Зэрыхабзэу, нартыхур къыдачыжу щІадзэнущ дызыхьыхьа мазэм икуэм деж. КъызэрабжьмкІэ, республикэм нартыхуу тонн мин 850-рэ нэхърэ мынэхъ мащІэ къыщрахьэлІэжынущ.

Иджыпсту кІэртІофымрэ хадэхэкІхэмрэ республикэм и район псоми къыщрахьэлІэж.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Иджы Обамэ ягъэкъуаншэ

Къэрал унафэщІхэри жэуапым зэрырашалІэр хабзэ щыхъуу хуежьащ дунейм. Иджы суд пащхьэм къыхутэнкІэ хъунущ езы Обамэ дыдэ.

Абы теухуа Іуэхур кьыхилъхьащ США-м и Конгрессым лІыкІуэхэмкІэ и палатэм и унафэщІ Бейнер Джон. США-м и президент Обамэ Барак нэхъыщхьэу щІагъэкъуаншэр узынщагъэр хъунэн ІэнатІэм зэхъуэкІыныгъэхэр щегъэкІуэкІыным теухуауэ кьыхилъхьауэ щыта жэрдэмырщ, ар и лъабжьэуи кьащта законыр хабзэм къемызэгъыу къызэралъытэрщ. А законым икІи иткІэ, Америкэм и цІыху псоми, апхуэдэуи а къэралым зэлымыуэ щыпсэуэхэми медицинэ страховкэ зэрагъэпэщын хуейт мы щхьэм и гъатхэпэм и 31-м и пэ къиуэху. Ар зэфІэзымыгъэхьэхэм къуэды ирагъэтынут.

Законыр щыхуэхэм я хуитыныгъэхэр къызэпызыуду къалъытэ Конгрессым хэт Республиканкэ партым и нэхъыбапІэм. Страховкэхэр къащэхун хуэмейуэ жызыІэу абы пэувахэр зи щІалэгъуэхэрщ, апхуэдэу щыщыткІэ - нэхъ узынщэхэрщ.

НэгъуэщІ зыгурэхэмкІи хуэарэзыкъым США-м и президентым. Абыхэм ящыщщ 2012 гъэм Конгрессым емычэнджэщу Обамэ лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэмкІэ лъэпкъ советым щыху зыбжанэм къулыкъу зэращритар. Иджы а зэрагъэкъуаншэ псори щызэхуэхьэса тхыгъэ депутатхэм ягъэхьэзырын хуейщ я парламент зыгъэпсэхугъуэхэу нобэ зыщІидзэм кьриубыдэу.

Дэнэ хуейми мэкІуэф

Куржым и президенту щыта Саакашвили Михаил зыгуэр къыщхьэщыжьыным щыгугъыркъым, уеблэмэ политикхэр зэхэзехуэн щащІкІэ кърат хэщІапІэхэм хуэдэ къыхуагъэлъэгъуэн хуейуи къилъытэркъым.

«Сыт сэ политикэ щхьэгъэзэпІэ зэрысщІынур? ЗэрыфщІэщи, сэ сыздэкІуэну сызыхуей дэтхэнэ къэралми кьысщыгуфыкІыІу сыщрагъэблагъэ», - жиІащ къэрал унафэщІу щытам.

ЗэрытщІэщи, Саакашвили Куржы хеящІэхэм ягъэкъуаншэ и къулыкъур къигъэсэбэпу хабзэншагъэ илужьащэу, абы и политикэмкІэ мыарэзыкъуэ 2007 гъэм щэкІуэгъуэм зыкъэзыІотэхэр зэрызэбгрыгъэхуамкІэ, а зэманым зэхащІыхьа нэгъуэщІ щІэпхъаджагъэ зыбжанэмкІэ.



♦Шыщхьэуіум и 1 – 7-хэр сабийхэр анэ быдзышэкІэ пыным и дунейпсо тхьэмахуэщ. Абы теухуа Іуэхугъуэхэр 1990 гъэ лъандэрэ къэралы 170-м щрагъэкІуэкІ, ООН-м и Сабий фондым къызэригъэпэщурэ.

♦1914 – 1918 гъэхэм екІуэкІа Япэ дунейпсо зауэм хэкІуэда урысей зауэлІхэм я фэеплъ махуэщ

♦УФ-м Іэщэкіэ ЗэщІэуэзэда и Къаруухэм я тылым и махуэщ Инкассаторым и махуэщ

♦1885 гъэм япэ дыдэу узгум зиІэтащ Можайский А. Ф. ищІа къъухьлъатэм.

♦1958 гъэм «Іуащхьэмахуэ» журналым и япэ номерыр дунейм къытехьащ.

♦1967 гъэм Бахьсэнрэ Тэрчрэ къала хъуащ.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Бырс Анзор** къызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ **Къущхьэ Сулътан** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Адыгэ критик, зэдзэкІакІуэ, УФ-мрэ АР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **ЛьапцІэрышэ Хьалид** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-мрэ Экологиемкіэ, цІыхум и шынагъуэншагъэмрэ щІыуэпсымкІэ дунейпсо академием-рэ я академик **Шапсыгъ (КІэкІыхьу) Дамир** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Хэкум къэзыгъэзэжахэр жылагъуэм хэзэгъэжьнымкІэ щадзэпэпкъу унэу Мейкъуапэ дэтым и унафэщІ **Бэрзэдж Убых (Нихьат)** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дыгъурыгъуур мэжэщІалІэмэ, и шырыр ешхыж.

ЦІыху гъащІэр зыри и уасэтэкъым

Илъэсищ и пэкІэ, шыщхьэуІум и 1-м щІидзащ Япэ дунейпсо зауэм

Европэм и къэралхэр XX лІэщІыгъуэм хыхьащ гужьгъэжь инхэр зэхуаІэу. Дэтхэнэри хуейт дунейм тепщэгъуэр щиубыдыну, нэгъуэщІхэм къатрихыурэ, езым щЫналъэщІэхэр зыІэригъэхьэну. Хэбгъэзыхьмэ, зэбий къэралхэр гуп-гуп зэрыгъэхуащ. Псоми я дежкІэ белджылыт мафІэщхуэ къызэрылыдынур. Къахуэнэжар зы хуасакІэ закъуэт.

АПХУЭДЭ хъуаскІэ хъуащ 1914 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м Сараевэ (Босние) кьалэм Австро-Венгрие империем и кронпринц (пащтыхьыгъуэ зыІэщІыхьэну) Фердинанд Франц зэрыщаукІар. Мазэ нэхъ дэмыкІыу, ар и тегъэщІапІэу, Австро-Венгрием Сербием зауэ ирищІыпІащ. Славян лъэпкъхэм сыт щыгъуи къадэщІ зи хабзэ Урысейри щыщхьэуІум и 1-м зауэм хьхьащ Германиер къытеуа иужь. МазуитІ дэкІри, Франджыри Бельгиери, щыщхьэуІум и 4-м Инджылызри Германием пэщІэуващ. Инджылызым, Франджым, Урысеим къызэрагъэпэща Антантэм къэрал 34-рэ къыдэщІырт, 4-р Германиемрэ Австриемрэ я лъэныкъуэт. Зауэ Іуэхуэхэм къызэщІаубыдащ Европэр, Азиер, Африкэр. Зэхэуэхэр хы псоми, тенджызы куэдми щекІуэкІырт. Ахэр щынэхъ гуащІэр Европэрт. Мыбы щыІэт зауэр зэриухынур зэлъыта фронтитІ: КъухьэпІэр - Франджым, КъуэхьпІэр - Урысейм. Апхуэдэ щыкІэкІэ щІидзащ а зэманыр хъасыху тхыдэм щымыІа зауэщхуэ дыдэм - Япэ дунейпсо зауэм.

Тхыдэджхэр иджыри къэс иризодауэ Урысейр абы хыхьэн хуей щІэхъуам и щхьэусыгъуэм теухауэ. Япэрауэ, ар щЫналъэщІэ хэзыгъэкъуэтэкъым, уеблэмэ езым ейр хузехьэжьртэкъым. ЕтІуанэрауэ, а зауэм хузехьэзыртэкъым.

1914 гъэм и шыщхьэуІум германыдзэхэр Париж гъунэгъу дыдэ хуэхъуат. Арщхьэкіэ Франджыр хагъэщІэну хунэсакъым: шыщхьэуІум и 23-м Германием и бийуэ зэхуэващ Япониер, жэпуэгъуэм нэмыцэхэм кьадэщІу зауэм хьхьащ Тыркур. Псоми кьагурыІуащ ар псынщІэу зэрымыуахынур. Апхуэдэуи хуащ: зауэр илъэсиплІым щІигъкІэ екІуэкІащ (щиухар 1918 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-рщ). Абы хэтащ цІыху мелуан 74-м щІигъу. ЦІыху мелуани 10 хэкІуэдащ, мелуан 20-р ныкъуэдыкъуэ хэхъуьащ. А зауэм Европэм и къэрал нэхъ лъэщ дыдэхэр кьызэтригъэщхащ икІи дунейм политикэ щытыкІэщІэ щигъэуващ.

1917 гъэм и жэпуэгъуэм революцэ кьэхъури, Урысейр зауэм къыхэкІыжащ, Германием ирищыІпІа мамыр зэгурыІуэныгъэр и лъабжьэу. Ауэ ар нэмыцэхэм сэбэн яхуэхъуакъым: 1918 гъэм и Гъатхэпэм КъухьэпІэ фронтым къэкІуащ илъэс и пэкІэ зауэм хьхьа США-м и дзэхэр. ИкІэм-икІэжьым Германием и зауэлІхэм Франджым и щЫналъэр ябгьнэн хуей хуащ. Апхуэдэ щытыкІэм къыхэкІыу Германиемрэ революцэ щекІуэкІащ: щэкІуэгъуэм и 9-м абы монархиер щытрадзащ. МахуитІ нэхъ дэмыкІыу Германием зиумысижьын хуей хьащ къызэрыкъуэгъащІамкІэ. Акъэралым ахъшэхуэ яритыжащ къытекІуахэм (дауи, абыхэм яхэтакъым Октябрь революцэм и ужькІэ Антантэм къыхэкІыжа Урысейр). 1918 гъэм лъапІэжащ езы Австро-Венгрие империери.

Япэ дунейпсо зауэм ЛІыгъэшхуэ къыщагъэлъэгъуащ Урысейм и бэракъым щІэту лъыгъажэм хьхьа кавказ лъэпкъхэм, адыгэхэри яхэту. Къэбэрдей полки хэтащ Дивизэ Іэлым (Урысейм Кавказым щыщ лъэпкъхэр Іэлу, мыгъэсауэ къыщалъытэу щытащ). Адыгэхэм куэду кьаъахэкІащ Георгий Жорыр зратахэр. Абыхэм яхэтащ зы жори, жоритІи, жорищи, уеблэмэ зэрыщыту жорипліри зыхуагъэфэщащэр. Ди лъэпкъэгъуэгъэ зауэ ІэнатІэ нэхъ гугъу дыдэхэм щызэуащ ЛІыгъэшхуэ къыщагъэлъагъуэу, къэзымыгъэзэжахэри мащІэкъым.

Германием Япэ дунейпсо зауэм къыщигъэсэбэпащ щхьэхъ зыхэлъ газхэр. ИужькІэ къэралхэр зэгурыІуащ ахэр къагъэсэбэпыну хуит ямыщІу.

Уи гугъэнт апхуэдизу лъапсэрых зауэм и бэлыхь псори зыгъэва къэралхэр езыхэм я гуращэхэр ІэщэкІэ пхагъэкІын мурадым пыкІыну. Арщхьэкіэ дунейм къыпэплъэрт нэхъыкІэж - ЕтІуанэ дунейпсо зауэр.

ШАЛ Мухьэмэд.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №148-УГ-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъуныжьмрэ цІыхум и хуитныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм (адзкІэ къызэрыкІуэнур Комиссэуц) щытщ цІыхумрэ гражданинымрэ я хуитныгъэхэр къызэригъэпэщыным икІи ахэр ихъумэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм конституцэ полномочиехэр пхигъэкІыным, республикэм граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зыщыригъужьыным, Комиссэм и компетенцэм егъэщІилІа Іуэхухэмкіэ къыхилъхьэхэр игъэхъэзырыну дэІэпыкъуэгъу хъун мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж къыщыізэрагъэпэща чэнджэщакІуэ органщ.

2. Комиссэм езым и лэжьыгъэр трещІыхь Урысей Федерацэм и Конституцэм, Урысей Федерацэм и федеральнэ законхэм, пщалъэу щыт нэгъуэщІ хабзэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и указхэмрэ унафэхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэм, апхуэдэу мы Положенэм.

3. Комиссэм теухуа Положенэмрэ абы хэтхэмрэ къещІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм.

4. Комиссэм и къаІэн нэхъыщхьэу щытхэщ: цІыхумрэ гражданинымрэ я хуитныгъэхэр къызэрэпэщыныкІэ, ахэр ихъумэныкІэ и конституцэ полномочиехэр пхигъэкІыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм щІэгъэкъуэн хуэхъуныр;

цІыхум и хуитныгъэхэр къызэрэпэщыным, ахэр зэрахъуэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэным теуха Іуэхуэху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж къыщыІэтынуэхэр игъэхъэзырыныр;

Іуэхум и щытыкІэхэм зэпымыууэ хэпІэнчэр икІи цІыхумрэ гражданинымрэ я хуитныгъэхэр пхигъэкІа зэрыхъумкІэ республикэм и цІыхухэм хъыбар яригъэщІэныр;

цІыхумрэ гражданинымрэ я хуитныгъэхэр къызэрэпэщыным, ахэр хъумэным ехьэлІа Іуэхуэр зегъэкІуэныр къыщыгъэлъэгъуа республикэ законхэм, пщалъэхэр зыгъэцэн нэгъуэщІ хабзэхэм я проектхэм я экспертизэ ирагъэкІуэкІынымрэ къызэригъэпэщынымрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж къыщиІэтну Іуэхуэхэр зэгъэхьэзырыныр;

хабзэхъумэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэмрэ абыхэм я лІыкІуэхэмрэ ядалэжьынымрэ егъэщІилІа Іуэхуэхэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж къыщыхилъхьэхэр игъэхъэзырыныр;

гражданинымрэ жылагъуэм и ІэнатІэхэр зэфІэгъэувэным, жылагъуэ, къэрал ІэнатІэхэр зэрызэдэлажьэм зегъэубГуэным теухуа Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж къыщыхилъхьэхэр игъэхъэзырыныр.

Цыхумрэ гражданинымрэ я хуитныгъэхэр къызэрэпэщыныр икІи ахэр хъумэныр жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэм зэрыщІагъэувэ Іуэхуэхэр зэхэлъхьэным щІэгъэкъуэн хуэхъуныр, абы теухуа Іуэхуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж къыщиІэтыныр;

цІыхумрэ гражданинымрэ я хуитныгъэхэр къызэрэпэщыным, ахэр хъумэным егъэщІилІа къалэнхэр къахэщу цІыху щхьэхуэхэм, Іуэхущіапіэхэм къыраІащІэ хъыбархэм хэпІэнчэр;

Комиссэм и Іуэху зыхэлъ нэгъуэщІ унафэхэр къыщтэныр.

5. Комиссэр хэпІэркъым я щхьэ Іуэхуэхэм егъащІылІа зыкъыхуэгъэзэныгъэхэм, абыхэм мылъку, псэупІэ, лэжьыгъэ зэныкъуэкъуэхэри, апхуэдэу судхэм, следствэмрэ дознаниемрэ я органхэм щауща унафэхэр зымыдэ тхъэусыхафэхэри хэту.

6. Езым и пщэ къыдалъхьа къалэнхэр зэфІигъэкІын папщІэ Комиссэр хуитщ:

ягъэува хабзэм тету зыхуеину тхылъхэмрэ хъыбархэмрэ хэрэ властым и федеральнэ органхэм я щыналъэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щыпІэ самоуправленэм и органхэм, жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэмрэ организацэхэмрэ я органхэм, къыльыкуІэхэм я деж щыщІэупщІэну икІи ахэр щызыІэригъэхьэну;

къэрал властым и федеральнэ органхэм я щыналъэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щыпІэ самоуправленэм и органхэм ящыщ къупльыкуІэхэр, жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэмрэ организацэхэмрэ я лІыкІуэхэр езым и зэІущІэхэм къриГъэблагъэну;

цІыхумрэ гражданинымрэ я хуитныгъэхэр къызэрэпэщыным, хъумэным егъэщІылІа Іуэхуэхэм ятеухуауэ къэрал властым и федеральнэ органхэм, Урысей Федерацэм и щыналъэхэм я къэрал властым и органхэм, жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм организацэхэмрэ ирагъэкІуэкІ зэІущІэхэм, конференцхэм, семинархэм езым и лІыкІуэхэр игъэкІуэну;

информацэ-аналитикэ, эксперт лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІын папщІэ ягъуэва хабзэм тету еджагъэшхэхэмрэ Іэщіагъэлі хэмрэ зыдигъэІэпыкъуну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэмрэ республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэмрэ хъыбархэмкІэ я банкхэр ягъуэва хабзэм тету къигъэсэбэныну;

связыжь коммуникацэхэмрэ я къэрал Іэмэпсымэхэр, абыхэм Правительствэм ейхэри яхэту, къигъэсэбэныну.

7. Комиссэр хуитщ езым и лэжьыгъэм тещыхьауэ Комиссэм щыщхэр, еджагъэшхэхэр, Іэщіагъэлілхэр, жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм я лІыкІуэхэр зэпымыууэ е пІалъэкІа лажьэ гупхэр къызэригъэпэщыну.

8. Комиссэм хохьэ Комиссэм и унафэщІыр, жэуап зыхь секретарыр, Комиссэм щыщхэу абы и лэжьыгъэм улахуэ ирамыту хэтхэр.

9. Комиссэм и зэІущІэхэр зыгъэхьэзырыр икІи къызэзыгъэпэщыр, махуэ къэс къыкъуэкІ Іуэхуэхэр зэфІэзыгъэкІыр Комиссэм жэуап зыхь и секретарырщ.

10. Ягъэува хабзэм тету, Комиссэм и зэІущІэр мазих къэс зэ нэхърэ мынэхъ мащІэрэ ирагъэкІуэкІ, хуей хъумэ, си мычэзу зэІущІэхэри ирагъэкІуэкІ хъунущ. Комиссэм и зэІущІэр унафэщІым е абы къалэн зыщищІам ирегъэкІуэкІ.

Комиссэм и зэІущІэм хуэру иІэу къалъытэ абы хэтхэм я зэхуэдитІым нэхърэ мынэхъ мащІэ ирихьэлІамэ. Унафэхэр къащтэ Комиссэм и зэІущІэм хэтхэм я нэхъыбэм Іэ зыхуэІэтэ Іуэхуэхэм ятеухуауэ. Іэлэтым къыкІуэхэр щызэхуэдэхэм деж къащтауэ къалъытэ зэІущІэм нэхъыжьу щысам зі зыщІидза протоколымкІэ.

11. Комиссэм и унафэхэм чэнджэщ мыхьэнэ яІэщ. Республикэм и къэрал властым и органхэу, абыхэм я кІуалыкъущІэхэу Комиссэм и чэнджэщхэр зыІэрыхьахэр ягъэува пІалъэм кІыпІаесу абыхэм хоплъэ икІи къащта унафэхэм теухуа хъыбар Комиссэм къригъащІэ.

12. Комиссэм езым и бланк иІэжщ. Комиссэм и лэжьыгъэм егъэщІылІа тхыгъэхэр щыхурагъэхькІэ абы Іэ щІэзыдзыр унафэщІырщ е жэуап зыхь секретарырщ.

13. Комиссэм зытепсэльхьых жылагъуэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэмрэ абы и зэІущІэм къащащта унафэхэмрэ ятеухуа хъыбархэр жылагъуэм и деж нагъэс цІыхубэ хуьабрагъащІэ ІэнатІэхэмкІэ.

14. Комиссэм и лэжьыгъэр къызэрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и зыхуэфащэ къудамэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхэр зезыхьэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №148-УГ-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъуныжьмрэ цІыхум и хуитныгъэхэмкІэ щыІэ Комиссэм

ХЭТХЭР

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщіым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(Комиссэм и унафэщІщ)*

Анаев М. А. - къэрэшей-балъкъэр щІалэгъуалэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъуныкІэ «Эльбрусоид» фондым и Налшык къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Байдаев Д. М. - «Мэкъумэшыщіэ фронт» Урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и щыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Байсиев Т. М. - «М-Драйв» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Балъкъыз В. Л. - Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и деж щылажьэ Жылагъуэ советым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Беппаев С. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Граждан жылагъуэм и ІэнатІэхэм зегъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъуныжьмрэ цІыхум и хуитныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм жэуап зыхь и секретарыр

Бэрбэч К. З. - «Къажэдэс щІалэгъуалэм я урысей союз» Урысейпсо щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Бобылёв В. Н. - Урыс Православнэ Члисэм и Пятигорск икІи Черкесск епархием и Налшык округым и благочиннэр *(зэгурыІуауэ)*

Вэрокъуэ В. Хъ. - Щэнхабзэм и Урысейпсо фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кинематографистхэм я союзым и правленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Гузбэщыкі Ж. М. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мамырыгъэ лъэпкъхэм я зэгурыІуныгъэрэ щыІэн папщІэ» Жылагъуэ комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Гунжафіэ Т. Хъ. - пенсионерыр *(зэгурыІуауэ)*

Евгъэжьыкъуэ Хъ. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Уэчыл палатэм и президентыр *(зэгурыІуауэ)*

Зумакулов А. М. - щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университет» федеральнэ къэрал бюджет еджапІэ Іуэхущіапіэм и проректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Къалмыкъ Ж. А. - «Адыгэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм я лэжьыгъэр зыунэгІ совет» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Кузамыщ Н. А. - «Дэгухэм я урысей обществэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Лысенкэ Н. М. - «Урысей Жор Плъыжь» Урысейпсо жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Любуня Н. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щыІэ Къэбэрдей-Балъкъэр округым и атаманыр *(зэгурыІуауэ)*

Мэзыхьэ Б. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Журналистхэм я союзым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

МацІыхъу Р. Хъ. - «Калашников М. Т. и Дзэспорт союз» Урысейпсо жылагъуэ хэкупсэ зэгуэхьныгъэм и щыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Минин В. П. - «ЦІыхубэ фронтыр Урысейм и щІэгъэкъуэнщ» Урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Сабанчиев И. Ж. - «Балъкъэр лъэпкъым и нэхъыжьхэм я совет» жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Сидорук П. Ф. - «Зэкъуэузэныгъэ - «Сябры» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Сыжажэ А. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусылъмэнхэм я Іуэхущіапіэм и унафэщІым и кІуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Сыжажэ Г. Ф. - «Афганистаным, щыІэ щхьэхуэхэм щекІуэкІа зауэхэм, Іэщэ къыщагъэсэбэпа зэпэщІэувэныгъэхэм я ветеранхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Сэхъурокъуэ Хъ. Хъ. - «Дунейпсо Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм я союзым и президентыр *(зэгурыІуауэ)*

Федченкэ Л. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къудэзэр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэжу В. Щ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Промышленникэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я союз» щыналъэ къудамэм и президентыр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэкіуащэ Хъ. Т. - «Фіы щІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и правленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Харенкэ С. И. - «Днипро» Украин лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэтэжьыкъуэ В. Н. - «ЦІыхум и хуитныгъэхэм папщІэ» Урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и щыналъэ къудамэ» хуитныгъэхэм ящыщхьэщ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ центрым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэфыщіэ М. М. - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ» къэрал кІэзонэ Іуэхущіапіэм и редактор нэхъыщхьэр, «Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и тхьамадзэр *(зэгурыІуауэ)*

Шэрджэс Л. И. - «Нэфхэм я урысейпсо обществэу Лэжьыгъэ Бэракъ Плъыжь орденыр зезыхьэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Шабаев Л. М. - Налшык кьалэм и бгырыс-журт дин зэгуэхьныгъэм и раввиныр *(зэгурыІуауэ)*

Шыбзыхъуэ С. К. - терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщІэтыным и ІэнатІэм жылагъуэр щызэщІэгъэуІуэным щІэгъэкъуэн хуэхъунымкІэ «Уи унэ мамырыгъэ ирелъ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Шинкарёвэ Н. П. - «Къэбэрдей-Балъкъэрым тхылъхэр фІыуэ щызыІыгъуэхэм я обществэ» жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Шыхъуэбахъуэ М. Хъ. - зауэм, лэжьыгъэм Іэщэкіэ Зэщіэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ).*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр щыхахкІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм Іэ щІэтэныу хуит зэращІ удостоверенэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м къыщта унафэ №78/3-5-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м Налшык къалэ №84/9-5

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2008 гъэм щыщхэуІуэм и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 59-нэ статьям и Іыхьэ 1-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр щыхахкІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм Іэ щІэтэныу хуит зэращІ удостоверенэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м къыщта унафэ №78/3-5-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

- пункт 2-м хэт «10000 (минипщІ)» псалъэхэр зэхъуэкІын «3500 (минищрэ щитхурэ)» жиІэу;

- пункт 3-м и етІуанэ псалъэухам хэт «6» бжыгъэр «5» бжыгъэмкІэ зэхъуэкІын.

2. Мы унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр щыхахкІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм Іэ щІэтэныу хуит зэращІ удостоверенэхэр градзэн папщІэ заказ тыным теухауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м Налшык къалэ №84/10-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ яІэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 62-нэ статьям и пункт 5-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2008 гъэм щыщхэуІуэм и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и Іыхьэ 7-1-м тету, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м къыщта унафэ №1911-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр щыхахкІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм Іэ щІэтэныу хуит зэращІ удостоверенэхэр экземпляр 3500-рэ хъуэ икІи нумерацэу 00001-03500 яІэу тридзэну заказ етын «Тетраграф» жэуап зэхэгъэщхьэхкІа зыхь зэгухьэныгъэ полиграфие Іуэхущіапіэм.

2. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь Атмурзаевэ И. А.

3. Мы унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

● Пресс-конференц

Зэрырагъаджэ щІыкІэр нэхъри егъэфІэкІуэн

Министр Емуэ Нинэ.
Сурэтыр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министр Емуэ Нинэ иджыблагъэ журналистхэм яІущІащ. Абы зэхуэсым кърихьэлІахэр щигъэгъуэзащ 2014 гъэм егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкІэ къайхъулІахэмрэ зэфІагъэкІын хуейуэ къапэщылъ Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэмрэ.

- Зы Іуэхум и кІэуэцІ адрейм и щІэдзапІэ хъури, - жиІащ министрым зэІущІэр къыщыізэІуихым. - Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр мы гъэм зэрекІуэкІа щыкІэм дыкІэлъплъащи, абы Іэмал кьыдитынущ дызыхуэкІуэ илъэсхэм къытпэщылъ лэжьыгъэхэр зыхуэят хуэзэу дубзыхуну. Мы гъэм �ЕГЭ-р нэхъ ткІийуэ едгъэкІуэкІащ, абы и хабзэхэр къызэпызыудхэр мы илъэсым куэдкІэ нэхъ мащІэт. Къапщтэмэ, курыт еджапІэр къэзыухъэкИ адэ-анэхэми а къэпщытэныгъэхэм хуаІэ щытгъкІэм зихъуэжащ.

Ныбжьыщіэхэр ЕГЭ-р зэрекІуэкІыну щІыкІэм нэхъ пасэу зэрыхуагъэхьэзырам къыхэкІыу, экзаменхэр нэхъ тыншу екІуэкІащ. Гугъуехь гуэрхэр кьалъыкъуэкІами, ахэр щыльъгъупхъэр балигъхэм я дежщ. ЕгъэджакІуэхэм еджакІуэхэм ильэсым и кІуэцІкІІэ хуагъэув оценкэхэм щыхущІагъу мымащІэрэ къызэрыхъум къыхэкІыу, экзаменым къыщыхьыфыр нэхъ мащІэщ икІи школыр фІы дыдэу къэзыухыну зи мурадхэм ящыщ зыкъомым ар кІуэкІ хъуІакъым.

Министрым зэрыжиІамкІэ, экзаменхэр къызэгъэпэща зэрыхъуа щІыкІэмрэ абы кърикІуахэмкІэ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм ди республикэр фІыкІэ къахэщащ. Псалъэм папщІэ, ЦІыхуищым балл 100 кьахьащ, балл льагэхэр кьахьащ процент 6-м. Пэжщ, еджакІуэ 300-м щІигъу къэпщытэныгъэхэм пэлъэщащхьэ, абыхэм экзаменхэр гъэмахуэ кьыкІуэ ятыжыну Іэмал яІэнущ. ЕГЭ-м къалэдэс ныбжьыщІэхэр нэхъ пэлъэщащ къуажэхэм щедджахэм нэхърэ.

- Курыт школыр къэзыухахэм я процент 95-98-р еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэфащ, - къыхигъэщащ Емуэ Нинэ. - Сэ къызэрыслъытэмкІэ, ноибэрей зэманым ар фІэщІыгъуейщ. Дигу къэдгъэгъэкІыж еджапІэ нэхъыщхьэ, псом хуэмыдэу медицинэ факультетым, щІэмыгІысхьэфу илъэситІ-илъэсищкІэ экзаменхэр ятыжу зэрыщытар. ЕГЭ-м пэмылъэщащ ныбжьыщІэхэми ІэщІагъэ зрагъэгъуэтыну Іэмал яІэщ, уеблэмэ къэралым стипендиекІи общежиткІи къызэригъэпэщу. Мы гъэм ныбжьыщІэ мини 3-м щІигъум я тхылъэр щІалъхьащ курыт ІэщІагъэ щрагъэтъуэт еджапІэхэм.

2015 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэратыну щІыкІэми тепсэльыхьащ Емузыр. Абы жиІащ еджакІуэхэм урысыбзэмкІэ я щІэныгъэр здынэсыр къызэрапщытэж иужьрей лэжьыгъэхэр ирагъэтыным и пэ кьихуэу, Іэмал имыІэу сочиненэ ятхын зэрыхуейр. Ар фІыуэ хуэтхауэ къалъытэмэ, ныбжьыщІэр зыщІэтІысхьэ еджапІэ нэхъыщхьэр хуитщ абы папщІэ баллипщІ ЕГЭ-мкІэ къыхьан хущІитыгъуну. Математикэр зэрат щІыкІэми зэхъуэкІынигъэ иІэнущ - аттестат къыхьан къудей щхьэкІэ ят экзаменрэ вузхэм щІэтІысхьэным хуэунэтІа къэпщытэныгъэрэ.

Емуэ Нинэ къыхигъащащ сабий садхэмрэ еджапІэхэмрэ я Іуэхукіэ дызыщыгуфІыкІын хъыбархэр зэрыщыІэр. Псалъэм папщІэ, илъэси 3-м щыщІэдзауэ 7-м нэс сабийхэм ящыщу иджыри 3200-рэ сабий садкІэ къызэрагъэпэщынущ. А лэжьыгъэр зэфІэкІмэ, а ныбжьым ит щІыкІуэхэм я процент 95,8-р апхуэдэ Іуэхущіапіэхэм екІуэлІэну Іэмал яІэнущ. А Іуэхум сом мелуан 250-рэ хухахащ. Сабий сад 45-рэ зэрагъэпэщыжьынущ, блы яухуэнущ. Абыхэм ящыщ зыкъомыр фокІадэм и 1-м хьэзыр хъунущ, кьэнахэр дыгъэгъазэм и 31-м ирихьэлІэу зэфІэкІыну щогугъ. Кьымыдзкіэ, ди республикэм сом мелуан 37-рэ къыІэрыхьащ къуажэхэм дэт спортзалхэмрэ стадионхэмрэ зэгъэпэщыжьыным трагъэкІуэдэну, сом мелуан 25-рэ къыхуауатІыпщащ зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм лэжьапІэ садхэр ухуэным къыхуагъэсэбэпыну. Апхуэдэу ди щІыналъэм кадет еджапІэу 3 къыщызэрагъэпэщынущ - Прохладнэ къалэм, ХьэтІохъущыкъуей, Бабугент къуажэхэм.

- Егъэджакіуэхэм я улахуэр Іуэхугуэ куэдым елъытащ - ирагъаджэхэм я бжыгъэм, яІыгъ сыхьэт бжыгъэм, езыхэм я лэжьэкІэмэ, - щигъэгъуэзащ Емуэ щІыкІуэхэм и щхьэусыгъуэхэм ящыщ сабийхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ щыхъу къызэрыхъур. Егъэджэныгъэм щІэуэ къыхьыхьа Іэмалхэмкіэ щІэблэм ядэлэжьэфын егъэджакІуэхэри гъэхьэзырын хуейуэ къыдолъытэ.

Ныбжьыщіэхэр еджапІэхэм зэрыкІуэ фащэхэм ящытепсэльыхьащ зэІущІэм. Абы теухуа хабзэ къэралым иІэщ - еджапІэм фащэ зэщхькІэ екІуэлІэн хуейщ ныбжьыщІэхэр. Апхуэдэу щытми, дэтхэнэ еджапІэми нэхъ кьезэгъыу къыщалъытэ фащэ зэщхьхэр къыхахыну Іэмал ярет.

Зэрырагъаджэ щІыкІэр егъэфІэкІуэным, ІэнатІэм зегъэужьыным къэралым гулъытэщхуэ хуещІ. Апхуэдэу «Урысей Ищэ» федеральнэ программэм ипкъ иткІэ, Жэмтхъэлэ Ищэ къуажэм щаухуэну школыщІэм сом мелуан 250-рэ хухахащ. Апхуэдиз текІуэдэнущ Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ творчествэмкІэ я республикэ унэр зэгъэпэщыжьынми. Псом япэу я мурадщ бжэ-щхьэгъубжэхэмрэ унащхьэхэмрэ зэрахъуэкІыну, унэ щІыбыр зыхуей хуагъэзэжыну.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ щытыкІэ гугъум ит унагъуэхэм я сабийхэр гъэджэгъущІэм хуагъазырынымкІэ дэІэпыкъуэгъу зэрахуэхъуну щІыкІэми. Абы хуэунэтІауэ республикэм псапащІэ Іуэхуэхэр щокІуэкІ.

ТАБЫЩ Динарэ.

●Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Концерт нэжьым. "Кабардинка" ансамблым хэтхэмрэ КъБАССР-м и унафэщІхэмрэ СССР-м и космонавт Леонов Алексей ІущІащ. *1972 гъэ*

"Кабардинка" къэрал ансамблым хэтхэм я хьэщІэщ СССР-м и космонавт Шаталов Владимиррэ КъБАССР-м и УнафэщІ Мэлбахъуэ Тимборэрэ. *1973 гъэ*

1945 Совет Союзым и Лыхъужь адыгэхэр 2015

Зы илъэс закъуэ

Къанкъуэщ Ахьмэдхан

ДУНЕЙР уэфІт. Темрыкъу хы къуэпсым кІыхиху акъужь гуапэр псэм йодэхащІэ, абы полкым и ныпыр дохуэрэ. Къхъухьатэзехуэхэр сатыру иувыкІахэу а ныпым и пащхьэм итщ, я унафэщІхэм жаІэм йодаІуэри. Бийм зы мэскъалкІэ зэрыхудамычыхынум, ар уэгуми щІылъэми зэрыщыхагъэщІэнум теухуа псалъэмакъщ екІуэкІыр. ЗауэлІхэр щытщ, я нэгуэр зэхэуфауэ, гужьгъэжьыр я нэхэм къыщІихыу.

УнафэщІхэм я ужькІэ псалъэ къещтэ Къанкъуэщ Ахьмэдхан. Полк пор умэзэхуэ йодаІуэ я адэм къигъэхьауэ иджыпсту ар кІыхьэджэ тхыгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым фашистхэм щыхэрахьэ залымыгъэм теухуауэ гур зыгъэуэ псалъэхэр зэрытым. Абы пищэу Ахьмэдхан жеІэ: «Фашистхэм аукІащ си щыпхъуитІ - ФатІимэтрэ Абчарэрэ, си къуэш Шэмэул. Абыхэм яукІащ совет цІыху минхэр. ИкІи си псэр пытыху, си гур къуэхуэу хейуэ кІуэдахэм яль сщІэжыну фыкъызогъэгугъэ».

Адыгэ щІалэр хуэпэжащ ищІа тхъэрыІуэм. Къанкъуэщ Ахьмэдхан папщІэ ятхыпт: «Ар зэи гужьейртэкъым. Кхъухьлъатэр фІыуэ зэрызэрихуэм къыдэкІуэу, абы и хьэлым щызэхуэхьэсат тегушхуэныгъэри, фашистхэм яхуиІэ нэмыплъри, телъыджэ дыдэхэр езыгъэщІэфлІыгъэшхуэри. Ахьмэдхан ябгэу бийм ебгъэрыкІуэрт, абы кІуапІи жапІи иритыртэкъым. НапІэдэхьеигъуэт зыхуейр гъэщІэгъуэн гуэр къыгупсысан папщІэ. Ар епльыртэкъым бийр зэрыхуэ бжыгъэм».

Зауэм зэрыІухьэрэ куэдыщи дэмыкІауэ, Ахьмэдхан и гъуэлэхэм хэкум ятхуащ:

«Фронт псом Къанкъуэщыр къыщацІыху. Дэ Іэтащхьэхэр абы къыхуэпсащ Бэракъ Плъыжь орденымкІэ».

Зауэм Іухьа нэужь еру щхьэкІэ, Ахьмэдхан и ныбжьэгъуэм щахэтым деж щабэт, бзэ Іэф Іурылът, дэтхэнэми и гуэхуэф, и дэлхь къраГъэзырт; и хьэл-щэн дахэмкІэ цІыхухэр зыщІишэрт. И унагъуэм теухуауэ хъыбар мыщхьэпэ къызыІэрыхьам абы къриІуэтылІэрти, и гур нэхъ зэгъэжырт, сыту жыпІэмэ апхуэдэхэм деж адыгэ щІалэм ныбжьэгъуэм жриІэни зэречэнджэщыни къигъуэтыфырт.

... «Мессершмитт»-м зэребгъэрыкІуэ ди кхъухьлъатэхэр ялъэхъэн я гугъаш, ауэ кІыкІа щыІэкъым. Ди «Як»-хэр бомбэзекъэхмкІэ яфІэкІуэри, абыхэм уэр хуэзэхублати, радиоаппаратым бгъэдэсу мыдакІэ щІым щыІэ унафэщІыр къэпЕйтезыуэ хьэуам хэтхэм йоджэ: «Напэ фиІэщ! Еуэ уэ, шэмэдж! Пыигъэщ, Къанкъуэщ!» Уафэхъуэпскім хуэдэу псынщІащэу йокІуэкІ зэхэуэр. Бий мафІэм иса къуажэм я жыг хадэ зэщІэгъэгъахэмкІэ йохуэх «Юнкерс»-у тІу. Ещанэм егъэкІэрэхъуэжри, уафэ лъащІэм йохьэж. Ар еху «Як»-м. «Юнкерс»-м ехуэх нэпІ зещІ, зэм зегъэхуэм, зэми кІащІу къетэкІэрахъуэри, адэ-мыдэкІэ зыщІещ.

«Нэхъ лъагэу!» - къоІу ар зыхуэм и макъыр. Зауэм дихьэха Къанкъуэщ Ахьмэдхан щыгъупщат зэрыпсалъэ Іэмэпсымэр игъэувыІэжьи икІи щІым тетхэм зэхах абы и псалъэхэр: «ЛъащІэжьым фыІэщІэкІыу щІыми зыщыбгъэпщкІуфынкъым, уафэми фыщыбзэхынкъым. Адыгэм жеІэ: «Зиль зыщІэжьым и бийр хьэдрыхэ къыщигъуэтынщ».

Мес ар, лъащІэжьым ирихужьар, моторитІ зэрыт и кхъухьлъатэ щхъуантІэ-тІуэжьыфэмкІэ щтапІэ ихьэжауэ къурщыщхьэм щызолъатэ. Абы ищІэрэкъым леймыгъэгъур и ужь зэритыр, ауэ ерыщу къызэребгъэрыкІуэмкІэ, ерууэ и къыкІэлъыкІуэкІэмкІэ, и «Як»-р Іэзэу зэригъэІурыщІэмкІэ икІи пулеметыр къызэреуэ щІыкІэмкІэ къыгурыІуэу хуохьэ и ажалыр и уэй зэритыр, гузэвэгъуэри къыкІэщІоІозэрыхь...

Къанкъуэщым иригулІа фашист хъухьлъатэр гъуэхъуэу, Іутъуэмрэ гъуэзымрэ зэщІищтауэ бгы гуэрым жьэхуэпэр, зэхощащэ. «Як»-м, бгым жьэхэуэным иІэж щымыІэу, зыдредзеижри уэгу щхъуантІэм къохутэж. Зэ зыкъегъэзэж, и бийм къыщыщІар зрегъэлъагъури, адрей совет кхъухьлъатэхэм яхоувэж.

ПІЫщІрэ етІуанэ гвардие авиаполкым и унафэщІ Грабарец Иван етх: «Командир къэмылэнджэжщ, кхъухьлъатэзехуэ Іэзэщ. Нэмыщ «къашыргъэхэм» екІурабгъу къахуегъуэтыф. Хьэуа зауэм и Іэмалхэр ещІэ, АІыгъи зэфІэкІи къыщегъэльагъуэ. И закъуэ кхъухьлъатэ 8, гъуэсэ иІэу щы къриудыхащ, нэгъуэщІитхуэри зэхикъутащ».

Куэд дэмыкІыу Къанкъуэщ Ахьмэдхан ТІалэ и къуэр Совет Союзым и ЛІыхъужь ящІ. А унафэр дунейм къытохьэ 1943 гъэм фокІадэм и 2-м.

Зы илъэс закъуэщ Къанкъуэщ Ахьмэдхан зауэм зэрыхэтар. А зэман кІэщІым абы нэмыщэ зэрыпхъуакІуэхэм хэщІыныгъэшхуэ ирет. 1943 гъэм Къанкъуэщым и кхъухьлъатэр Керчь деж къыщрадыхащ. Ауэ абы и щІыхьым, и пщІэм бийм зыри хуещІакъым.

СыткІи щапхъэ

Мэсей Аслъэнджэрий

АБЫ къигъэщІар илъэс пІощІрэ тхурэ ирикъурэкъым. И щІалэгъуэ дахэу, и насып къэкІуэгъуэу ар дунейм ехьжащ.

Мэсей Аслъэнджэрий 1920 гъэм Ерокъуэ къыщалъхуащ, пасэу и адэр ерыскІуэдри, унагъуэ Іуэхри и пщэм къыдэхуащ.

Налшык дэт егъэджакІуэ техникумкІэ къиуха нэужь, Аслъэнджэрий я къуажэм къокІуэжри, щІэблэм щІэныгъэ иригъэгъуэту, школым и унафэщІым и къуэдзэу мэлажьэ. Адыгэ щІалэ екІум хьэл зэтет иІэт, нэмысыншхуэ хэлът, ІуэхукІэ бгъэдыхьам «хьэуэ» жриІэртэкъым. Апхуэдэущ ар зэращІэжьыр и къуажэгъуэхэм, и ныбжьэгъуу щытахэм, и Іыхьлыхэм.

Хэку зауэшхуэр къэхьеиным куэд имыІэжу Мэсейр ВКП(б)-м и Лэскэн райкомым и парт кабинетым и унафэщІу мэлажьэ.

Аслъэнджэрий езыр фІэфІу зауэм яфІэкІуэщ, дамыгъэкІыну хуит къыщзэращІми ебакъуэри.

1942 гъэм фашистхэм Сталинградрэ Кавказымрэ хуаунэтІащ къарурушхуэ. Абыхэм лІэнкъэнэну япэщІэува совет зауэлІ хахуэхэм ящыщт адыгэ щІалэр. Тенджызэ фІыщІэм и дзэ гупым хэту абы ЛІыхъужьыгъэ нэс къигъэльагъуэрт, зауэлІхэм щапхъэ яхуэхъурт.

Мэсейр политрукыу зэдащІэ фочауэ батальоныр зэгуэрым бийм къиухъурееихьащ. Ауэ Аслъэнджэрийрэ и ныбжьэгъуэмрэ я гур яфІэкІуэдакъым. Зауэ гуащІэ ирагъэкІуэкІыуэр, зэрыхуэ щытыкІэ гугъум къикІыжхэри, ди дзэм гъусэ зыхуащІыжащ. Абы щыгъуэ Мэсейр уІэгъэ хьэлъэ хуащ икІи уІэгъэщым илъэс нэблагъэкІэ щІэлъащ. Хьужа нэужь, Аслъэнджэрий танкисту ирагъэджэну Чирчик (Узбекистан) ягъакІуэ.

1944 гъэм и ГъатхэмМэсейр Белорус фронтым щозауэ. Ар танк взводым и унафэщІщ. Фашистхэр СССР-м ирахужа нэужьи, Европэм ис лъэпкъхэр хуит къэзыщІыжахэм яхэтащ.

ЕтхущІанэ танк бригадэм Аслъэнджэрий пщІэхуэ щиІэт. Бийм и щІыпІэм уащхъуэдэмыщхъуэу кІыщІыхутэфрэ нэмыцэхэр игъэгулэзу, абыхэм япэтІысрэ гъуанэдэууэ Іисраф зэтрищІэу Мэсейм Іэджэ игъэхъащ. КІуэрыкІуэм здытетым еэым и танкымкІэ еуэурэ бий танкитІ икъутэрт. Апхуэдэу зэрыщхьэмыгъазэм, зэрыхахуэрэ папщІэ абы кърат Вагъуэ Плъыжь орденыр.

Командир Іэзэу зэрыщытыр псом хуэмыдэжу нэрылъагъу къыщІащ 1945 гъэм и щІымахуэм Польшэм зэрыщІэзуам. Езым къигупсыса Іэмалхэр къигъэсэбэнурэ, а лъэхъэнэм Аслъэнджэрий бийм хэщІыныгъэшхуэ иритащ. Абы икъутащ топ зэмылІэужьыгъуэу пщыкІуэ, жыр быдэм кхъхэщІыкІа машинэу пщы, Іэщэ зэрыльтранспорту пщы, Іэщэрэ шэрэ зэрылъ гу зэщІэщІахэу пщІейрэ тхурэ.

Ауэ абыхэмкІи иухыгъкым ерокъуэ щІалэм зауэм щигъэхьар. Ар кхъухэжаныкІащ Петркув-Куявски деж щекІуэкІа зауэ гуащІэми. Генерал Орлов и Іэ зыщІэлъ тхылъым мыпхуэдэу итщ: «Бийм иІыгъ щІыпІэм тІасхъэщІэх танкищкІэ кІуэуэ, уащхъуэдэмыщхъуэу ятеуэри, фашист зауэлІхэр игъэгужьеящ, Петркув-Куявски къалэм яфІыдыхьэри, къуентхъыуи зыІэригъэжьыгъэ нэхъ къэмынэжауэ, Умар Венэ къалэ щыхэкІуэдащ.

Иужькіэ къызэрыщІэкІыжамкІэ, Хьэбэч Умар тІэунейрэ хуагъэфэщауэ щытащ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр. Япэр Карелием щекІуэкІа зэхэуэшхуэм (1944 гъэ), етІуанэр Венэ хуит къыщащІыжым. Псалъэм къыдэкІуэу жытІэнщи, Хьэбэчым и батальоным хэтущ Къардэн Мурат Совет Союзым и ЛІыхъужь зэрыхъуар.

ИкІэм-икІэжьым Умар щыхьыщІэр зэриГъэтыжам щыгуфІыкІащ и лъэпкъри, адыгэ псори. Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхуб тхакІуэ Брат Хьэбас «Хахуэм и вагъуэр ужьыхъым» фІэщыгъэщІэ иІэу абы тхылъ хьэлэмэт тритхыхьащ, полковник Нежинский Валентинрэ журналист Адзын Мухьэмэдрэ «Хахътыншэм и гъуэгу» зыфІаща документальнэ повестри къыдагъэкІащ.

Совет Союзым и ЛІыхъужь Хьэбэч Умар и цІэр Хьэбэз районым и къуажэ уэрам нэхъыщхьэхэм, зыщеджа педучилищэм зэрахьэ, и фэеплъ сыни Ботэщэт дэтщ.


Хьэбэч Умар

ЩІыгу Іэмыщ Іэ

ХЭКУ зауэшхуэр ихуэу ИльэС 45-рэ дэкІыжауэщ капитан, батальоным и командир Хьэбэч Умар къыщылъысыжар лъырэ и гъащІэмрэкІэ кхиьа ЛІыхъужьыщІэр. 1990 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м Совет Союзым и Президент Горбачев Михаил кІыдигъэкІа унафэмкІэ щІигъэбыдыхьыжа къудейщ апхуэдиз ильэскІэ тхылъыншэу, ауэ хьэкъыпІэкІэ хуэфащэу Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ лъапІэу адыгэлІым кьихьар.

Апхуэдиз ильэскІэ Венэ къалэкум ит фэеплъ сыным капитан Хьэбэчыр Совет Союзым и ЛІыхъужьу тетхауэ щытами, зыхуэзэуа къэралым абы хуэфащэр лъигъэсыжатэкъым.

ГъуащагъэкІэ тратхауэ пІэрэ ар? Щхьэ лІыхъужь щыхъуам унафэ къыдэмыкІарэ адыгэлІ гуейм теухуауэ?

А упщІэхэм псэхугъуэ къраттэкъым партым и Къэрэшей-Шэрджэс обкомым и етІуанэ секретару щыта Темыр Умар. Абы мурад ищІащ Хьэбэч Умар и лІыхъужьыгъэм и пэжыпІэр зэхигъэкІыну. Дэни щыщІэупщІэу, щлЪыхъуэу щІидзащ. Абы зригъэщІащ Хьэбэчыр 1921 гъэмБотэщей (иджы Малэ Зеленчук) къыззращалъхуар, Черкесск педучилищэр къиухыу Карачаевск къалэм дэта институтым зэрыщеджэжар, Алий-Бэрдыкъуэ къуажэм егъэджакІуэу зэрыщылажьар, 1939 гъэм дзэ къулыкъым зэрашар, 1941 - 1943 гъэхэм уІэгъэ хьэлъэ зэрыхъуар, 1944 гъэм и щыщхьэуІу маззм «Александр Невский» орденыр къыззэрыратар, капитан, батальоным и командир зэрыхъуар, зэрыхэкІуэдар.

Темырым мурад ищІащ щІалэм и щІыхьыр зэфІэгъуэвэжыныр Венэ къалэмкІэ къыщІидзэну. Абы ежьэн ипэкІэ, Хьэбэчым и анэ Гъагъэ хуэкІуащ. Бзылъхугъэ тхьэмыщкІэр гъыуэ хадэм ихьэри, щІыгу Іэмыщ Іэ крихащ: «Мыр си щІалэм и кхъащхьэм схутекІуТа», - жиІэри.

Темырыр Венэ зэрынэсу, ди дзэ атташеуэ Австриемщ ІыІэ полковник Юмашев Михаил зыхуигъэзащ.

- Хьэбэч Умар и хэкуэгъу Венэ къэкІуауэ австрийцхэм къащІэмэ, уаІэтынущ. Абы и хэкІуэдэкІар куэдым ящІэ икІи яГъальапІэ, щхьэхуит къэзыщІыжа лІыхъужьы къалытэри, - жиІащ Юмашевым.

Абы гъэщІэгъуэн дыдэ щыхъуащ а зауэлІ хьэжьэр Совет Союзым и ЛІыхъужьхэм иджыри кьыздэсым зэрахэмытыр. Шварценберг утым икиу дыдэм ит сыным тетхат Сталин Иосиф и унафэр. ТІощІрэ ещанэу абы къыщыгъэльэгъуат Совет Союзым и ЛІыхъужь, гвардием и капитан Хьэбэч У. Хь.

Венэ тхьилъ куэд щызэхуихьэсауэ Темыр Умар кьигъэзэжри, иужь икІакъым Хьэбэчым и щІыхьыр зэфІимыгъэувэжу. Араш зи фІыщІэр апхуэдиз ильэс дэкІыжа нэужь лІыхъужьым и пщІэр зэригъэзыжар.

Зауэр ихуныим махуэ бжьыгъэ нэхъ къэмынэжауэ, Умар Венэ къалэ щыхэкІуэдащ.

Вагъуэиж

Къардэн Къэбард

КЪАРДЭН Къэбард Лэкъуэмэ и къуэм и гъащІэр ещхьт вагъуэижым - махуэ 257-рэщ ар Хэку зауэшхуэм зэрыхэтар. Дэфтэрэхэм яхьумащ абы сыхьэтихьм кьриубыдэу и танкымкІэ нэмыщэ фашисту 50-м щІигъу зэриукІар, топу 5 зэрикъутар, къуентхъыу танки 7, топ 13, автомашинэу 78-рэ дыдейхэм къаІэрыхьэным ар зэрыхэлІыфІыхьар...

Совет Союзым и ЛІыхъужь Къардэн Къабард теухуауэ щыІэ тхылъхэр мащІэщ. Ауэ абыхэм Ауш-джэр щыщ адыгэІыр къахуэ Хэкум и бын пэжу, шынэ зымыщІэ танкисту, ныбжьэгъуфІу, цІыху хьэлэлу, сыт и лъэныкъэкІи щапхъэу. Апхуэдэу ар щыдолъагъу, къэбгъэлъагъуэмэ, урыс тхаКІуэ цІэрыІуэ Гарин Фабиян и тхылъым, 1963 гъэм Москва къыщыдэкІам, «Танкым телъ удз гъэгъахэр» зыфІищам. Абы къыхэтхащ мы пычыгъуэ цІыкІур.

* * *

- Ныбжьэгъу Къардэн, уэ нэхъыфІу зыкъэдгъэцІыхут, - жиІащ Боровицкэм.

ЩІым щыс сэлэтхэм къаэтэжьыкІащ щІалэ къуэгъу, зи нэкІур дыгъэм къамылифэу ижьар. Нэрылъагъут ар зэрыпІейтейр. КІэщІ дыдэуи къиІуатащ Кавказ къуршыжьхэм я лъапэм къызэрыщалъхуар, мэлыхъуэу зэрылэжьар, къаІэшхуэ ильагъуну, еджэну зэрыщІэхъуэпсар.

- СыноуупІыну сыхуейт, - къэІуащ Кульдин и макъыр.

- Уи сыт Совет Союзым и ЛІыхъужь хъуа Къардэн Къубатий?

- Си къуэшщ, - жиІащ щэхуу Къэбард.

Сэлэтхэр нэ гуапэкІэ епльащ и ныбжьэгъум. Комбатым жиІэнІауэ хэтащ. Ауэ а напІэзэпІэм макъ лъагэкІэ зыгуэр къэджащ:

- ПсынщІэу фи машинэхэм фитІысхьэж!

Дакъикъэ зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу зауэм и мафІэр щІэрыщІэу къыщІэнащ... Танкищэхэр, кхъухьлъатищэхэр, топищэхэр зэщІэгъэуахъуэрт. МафІэм исырт машинэхэр, псэупІэ унэхэр, шыгу зэщІэщІахэр, цІыху куэд. Пшагъуэмрэ Іугъуэмрэ зэхэтым ярейуэ, зэуапІэр кІыфІ хъуат, шэ зэмыфэгъу зельатэхэр къыхэлыдыкІыу... Бийр зы километркІи къэкІуэтэфакъым. ИхьуреягъкІэ щыпльагъурт нэмыцэ сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ я хьэдэхэр, мафІэ бзийр зыщІхьащІт танкхэр...

Къардэн Къэбард егупсысырт бийм ебгъэрыкІуэу, я быдапІэр зэрызэпхитхъыным, адрей танкхэм гъуэгу зэрахуищІыным. Машинэр зыгъакІуэр старшина Трохинт. Къардэным и танкым и ужь итт Дегтярев, Бондарь сымэ зи унафэщІхэрти... Бийм ди танкхэр здикІыну и гугъэр ищхьэрэ лъэныкъуэмкІэти, абыкІэ зыщагъэбыдат, фІыуи загъэхьэзырат. Ар къыгурыІуэри, Трохиным унафэ хуищІащ шоссем текІыу губгъуэ гъуэгумкІэ игъэшыну. Дегтярев, Бондарь сыми къащІащ Къардэныр зыхущІэкъур. Ди танкхэр, лъэгумкІэ яунэтІри, къуажэм дэмыхьэу, къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ екІуэкІащ, зыкъагъаэзри, къызэдилъащ.

- Гъуэжькуийм хуэдэу, - кІиящ Къэбард, Трохиным зыхуигъаэзри, - бийм дытоуэри, хьэбэсабэ дощІ!

Къуажэм къызэрыдэхутэу къалъэгъуащ ищхьэрэ лъэныкъуэмкІэ загъэзауэ танкищ щыту. Къардэныр еуэри, зым Іугъуэ фІыщІэр къыщхьэщыуащ. Дегтярев игъэсащ етІуанэрей танкыр. Ещанэм зыкъитащэзэну хэтащ, ауэ хунэсакъым. Абыи техуащ Къэбард и топыщэр.

Абдежьм лъэныкъуэкІэ къыкъэкІащ «Фердинанд» зыбжанэ. Къардэным и танкым кьытелъэлъащ топыщэр. Матюшкиныр уІэгъэ хьэлъэ хъуат, ауэ абы хуэзфІэкІащ топыр иуэдыну. Къэбард и Іэр къиІэтри, къыхэщэІуКІащ - лъыпсыр къыпыжырт...

- Кьыдэт бронебойнэр! - еджащ ар Матюшкиным.

Ауэ абы зыкъигъэхъеижьфырт зкъым. И къару псори зыхилъхьэри, топышэр кІищтащ, ерагъыу топыр иуэдри, нэмыщэ танкым еуащ. Матюшкиным иужькІэ джэлащ Зайцевыр. Трохиным, адэ-мыдэкІэ зригъэгъаэзэурэ, гъуанэу блы зиІэ хъуа танкыр япэкІэ игъакІуэрт. Къардэным, къару телъыджэ гуэрхэр къыхьхьэжауэ, топыр иуэдурэ игъауэрт.

Еянэрей топышэр къыщытехуэм, Къэбард и нэхэр щыункІыфІыкІащ, псэкІэ зыхищІащ и гур удным зэгуиудауэ лъыр уэру зэрыщІэжьыр... А напІэзэпІэм къызэхихащ Бочковскэм и танкэри къызэрысар, фашистхэр зэрикІуэтыр...

Бийм зэуэныр щигъэтри, гъэру зыкъитащ. Къуажэдэсхэр гъуанэщІанэ хъуа сонет танкым дежь щызэхуэсащ. УкІыгъэ хъуа сэлэтиплІыр къыщрахым, фызыжьхэри сабийхэри зэщІэгъэуэгащ...

Мыгувэу ди танкхэр япэкІэ кІуэтащ. Бийр икІуэтыжырт...

Телъхьэ уанэр си шым

КІЫЩОКЪУЭ Алим

Телъхьэ уанэр си шым,
си къуэш щІыкІу нэхъыщІэ.
Зауэм кІуэ жаІауэ, Тэрчкіэ соукъуэдий.
Сэ уанэгу сыкъихуурэ губгъуэм сыкъинами,
Сызыпылъ хъыджэбзым и гум сумыгъэху.

Телъхьэ уанэр си шым,
си къуэш щІыкІу нэхъыщІэ!

Дахэм гу щызмыхуэу нобэ къызызонэкІ.
Сэ уанэгу сыкъихуу губгъуэм сыкъинами,
Си уэрэдыр жепІэурэ дахэм игу сигъэлъ.

Сянэр къысщІэупщІэм къэзгъэзэжу жыІэ.
Сядэр къоупщІамэ, пэжыр умыбзыщІ.
Сэ уанэгу сыкъихуу губгъуэм сыкъинами,
Си хъыбарыр жепІэурэ дахэм игу сигъэлъ.

ТекІуэныгъэ

КІУАЩ БетІал

Гъэбырыб ун нышхэр
Махуэм и нэхъыфІ,
ЩІэзылъхъам бий гупхэр -
Дыгъэ мыункІыфІ!
Дыгъэм пшэр пхисыкІыу
ЩІыр зыгъэнэхуауэ,
Укъепсащ, гущыкІ
Зауэр щІым тепхуауэ.
Сыт хуэдиз гуфІэгъуэ
ЦІыхухэм къахуэпхьа,
Сыт хуэдиз гуІэгъуэ
Уэ хьэдрыхэ пхьа?!
Сыт хуэдиз бынунэм
Адэр хэпшэжа!

Сыт хуэдиз лэгъунэм
Щауэ ипшэжа!
Зи щхьэр хэзылъхьахэр
Тхэткъым зигу къэмыкІ,
Анэм къапыхьахэр
Махуэ дигу имыкІ.
Пщащэу лъагъуныгъэ
Дапщэмептыжа!
Дэ ди текІуэныгъэ,
Бэр дэзыхыжа.
Уэркъэ дуней иныр
МафІэм хэзыхар!
Полякыр, румыныр
ЛІэрт - хуэгумэхар.

Фучик и лъэпкъ дахэр
Ем къезыгъэлар,
Петэн ища лъахэр
Хуит къэзыщІыжар!
Уэркъэ, ТекІуэныгъэ,
Гитлер кхъэ ищІа
Къэралым лъэкІыныгъэ
Псэуну хуэзыщІар.
Уэрщ а псор зи фІыгъэр,
Дуней хейр кхохъуэхъу,
Уардэу ТекІуэныгъэ,
Сигуми жеІэр хъуэхъу!

1945 гъэ, накъыгъэм и 9

Совет сэлэтхэм ТекІуэныгъэр Берлин щІагъэльапІэ.
1945 гъэ, накъыгъэм и 9

ТхыгъэхэрХьэфІыцІэ Мухьэмэд игъэхьэзыращ.

"Сытым дыщыгуГъ хъуну?"

- щІоупщІэ я хэкум хъэзыгъэзэжа адыгэхэр

Сирие Хьэрып Республикэм щекІуэкІ зауэм зэрыщІидзэрэ а къэралым къикІыу зи адэжьхэм я щІыналъэм къэзыгъэзэжахэм я бжыгъэм кІуэ зотпи хохъуэ. Апхуэдэу, 2012 гъэ лъандэрэ ди республикэм къэкІуэжахэр щІыху 1081-рэ мэхъу.

ДИ ЛЪЭПКЪЭГЪУХЭМ я псэуклэр тэмэму къызэгъэпэща хъын папщІэ щІэзэкъуэн мэфэкІ министерствохэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, щІыху зэгухьэныгъэхэр, щІыху щхьэхуэхэр. Апхуэдэу, зи хэку зыгъэутыжахэм Узышлагъэр хъумэныжмкІэ министерствэм и фІыгъэкІэ Іэмал яІэщ я узыншагъэм пщІэншэу кІэлъаГъэплъыну. ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ министерствэмрэ Налшык къалэ Егъэджэныгъэмкіэ и департаментымрэ кІэлъоплъ ди лъэпкъэгъуэхм я сабийхэм щІэныгъэ ягъуэтыныж, зыхуэмину тхьапэкІэкІэ къызэгъэпэща хъуныж. Іэщ1агъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я мылъкукІэ щыхуеджэну КъБКъУ-м блэкІа илъэсым щІагъэтІысхьащ Сирием къикІыжа ныбжьыщІи 102-рэ. Апхуэдэу, стипендие кърату, щыпсэуну общежитхэмкІи къызэгъэпэщауэ Налшык щыІэ колледжхэм щоджэ щІыху 13.

Урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ щрагъащІэ курсхэр ДАХ-м, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Пэрыт» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къызэрагъэпэщурэ «Дружба» зыгъэпсэхуПІэ унэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэми пщІэншэу щрагъэкІуэкІащ. Мы зэманым апхуэдэ курсхэр щызэхаублащ «Тэрч» зыгъэпсэхуПІэ унэм, ди лъэпкъэгъуэхр нэхъыбэу щыпсэум. Апхуэдэу, Налшык дэт 8-нэ курыт школым илъэс ещанэ хъуауэ щеджэ сабий 48-м щхьэкІэ лейуэ сыхьэт бжыгъэ щхьэхуэ хухахащ урысыбзэр ирагъэщІэну.

Мы зэманым Налшык щыІэ зэгухьэныгъэПІэ унэхэм хэгузшауэ щопсэу щІыху 210-рэ, абыхэм ящыщу «Тэрчым» - щІыхуи 139-рэ, «Нарзаным» щІыху 56-рэ, «Лэгъупыкъуэм» - 15- дэтэрхэм, унэ щхьэхуэхэм щыпсэухэм я бжыгъэр 350-рэ мэхъу. ПсапащІэхэм я мылъкукІэ ди лъэпкъэгъу унагъуэ 20-м унэхэр къыхуащхэхуауэ къуажэ зыбжанэм щопсэу.

«Тэрчым» щІэсхэр «Джайлык», «Іуащхьэмахэр» зыгъэпсэхуПІэхэм къыщІагъэІэпхъуІауэ щытахэрщ. «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм, «Уи гъунэгъум дэІэпыкъу», Дунейпсо Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, КъБР-м ис Мусылъмэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм, псапащІэ щІыху щхьэхуэхэм къызэрагъэпэща щэбэт щІыхьэхуэм къыхэкІа мылъкумкІэ ди лъэпкъэгъуэр пІалъэкІэ зыщІэсыну щІэзэрахьэри щІэтІысхьэжахэщ. УнэльащІэкІэ, тепІэн-щІэпІыныкІэ ди лъэпкъэгъу куэд щІэгъэкъэн къажэхтуащ. «Нарзан» унэрэ апхуэдэу зэрагъэпэщыжыным хуэнькъуащхьэ щхьэкІэ, ирахьэлІэн ягъуэтамэ, абы щІэсхэм я къарукІэ зэрахьэнут я пэщхэр.

Ди лъэпкъэгъуэхм я хэку къагъэзэжыным теухуауэ нэхъыбэу зыпэощхьэпо къахуэхъуэхм ящыщу абыхэм я тхыльхэр и чэзум ирихьэлІэу зэфыхьа зэрымыхьур. УФ-м щыІэ хабзэхэмкІэ, 2014 гъэм хамэ къэрал къикІыжу я хэку къагъэзэжу пІалъэкІэ щыпсэуну хуитыныгъэ зиІэхэм я бжыгъэр щІыху 300 къудейщ. Абы къыхэкІыу, къэзыгъэзэжыну зи мурадхэм я бжыгъэм еплъытмэ, ар къызэхъулІэр мащІэ дыдэщ. И унагъуэр нэхъ пасэу къигъэкІуэжу, иужькІэ езыми абы текІуэдэну мылъкур зэригъэпэщу Налшык къэлъэтэжа щІалэм хуитныгъэ кратакъым и унагъуэм и гъусэ хъужыну, икІи ар гуІэжу хэкум икІыжьын хуей хъуащ. «Сыт сщІэн, пІалъэ-пІалъэкІэ сыкъакІуэурэ слъагъунхэщ, дэ тхуэдэхэм ятеухуауэ УФ-м щыІэ хабзэхэм зэхъуэкІыныгъэ халъхьэным дыщыгугъынщ», - къышІощІэр игу кьеуэу жиІащ Тыркум къильэтыкІыжа адыгэ щІалэм.

Лэжьыгъэ Іэнатіэ къагъэтыным и лъэныкъуэкІи икъукІэ гугъу йохь къэзыгъэзэжахэр. Іэщ1агъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэ, зи кьару илъыгъуэ куэд е лажьэркъым, е я Іэщ1агъэмкІэ Іэнатіэ я гугъуэтыркъым. Абыхэм яхэтщ дзэ дохутыр, агроном, бухгалтер, инженер-механик, инджылызыбзэмкІэ егъэджакІуэ Іэзэхэр. Урысыбзэр фІыуэ зэрамыщІэри зэран мэхъу абыхэм я лэжьыгъэ Іуэхуэр зэфІыхьэным. Псалъэм папщІэ, Сирием къыщратауэ автомашинэ зэригъэкІуэну хуит зыщІ тхыльэ зиІэхэм КъБР-м экзаменхэр щатыжыну хуагъэуэ, ауэ ар яхуэзэфІэкІырхъым урысыбзэр зэрамыщІэм къыхэкІы. Пенсэ ныбжьым ит, сабий цІыкІу зыщІэс унагъуэхэм я Іуэхур нэхъыкІэжщ. Ахэр зыщыгугъын щІэхъэшм, псапащІэхэм фІэкІа.

Зэрыгурыуагъуэщи, зауэм къыхэкІа унагъуэхэм тепІэнщІэпыни хьэкъущкІуэри къыздашэжыну Іэмал яІакъым. Щыгъын хуабэкІэ къызэмыгъэпэщажэр нэхъыбэщи, щІымахуэм гугъу йохьэр. Апхуэдэу, зэрыжыщІэ машинэхэр, щІыпІапхэр яхурикъуркъым. «Нарзан» псэуПІэм коммуналнэ Іуэхутхэбзэхэм пэкІуэ уасэхэр ятырхьыми, псы хуабэр хъущхьыуамыутІыпщыр нэхъыбэщ, электроксарури зэпагъэуну щынагъуэ щІыщ. Къызыгъэзэжахэм яхэтщ зэпымыуэ хущхьуэ пІапІэхэр зэзэхьэлІэ сымаджэхэр. Абыхэм зэкІэ дэІэпыкъуэгъуу ягъуэтыр псапащІэ щІыху щхьэхуэхэщ.

Ди лъэпкъэгъуэхэр нэхъыбэу зыигъэпІейтейр УФ-м и щІыхуу кьалъытэным теухуа, я псэуПІэ, лэжьыгъэ я лъэныкъуэкІэ щІыз упщІэхэращ.

- Сытым дыщыгуГъ хъуну, ди упщІэхэм я жэуап хэт къыдитыну, абы сыт хуэдиз зэманкІэ дыпэплъэну? - щІоупщІэ ахэр. Икіи мэгугъэ я Іуэху зэтеувэну, щхьэгъэзэпІэ ящхьэхуэ нэгъуэщІ щІыпІэ къамылъыхуэу хэкум и щІыху хъужыныхэу.

ЩОДЖЭН Іэминат.

● Гъэмахуэ -2014

"Къурш псынэм" и хьэщІэхэр

Гъэмахуэр школакІуэхэм нэгузыужьу ягъэкІуэн, я узыншагъэм хагъэхъуауэ гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэжьын папщІэ, ди республикэм мы гъэм щагъэлажьэ зыгъэпсэхуПІэ 40-м щІигъу. Абыхэм ящыщу адэ-анэхэми сабийжьми ягу нэхъ дыхьэхэм ящыщщ «Къурш псынэ» санаторэм кьыщыдзэрагъэпэща лагерыр.

МЫ ІУЭХУЩІАПІЭМ ущыдыхьэкІэ занщІэу уи нэм къыІуедзэ абы кьабзагъэм гулъытэ хэха зэрыщыхуащІыр, и пщІантІэм дэт жыгхэмрэ удэхэмрэ я мэ гуакІуэр кьыпІуроуэ. ЗыгъэпсэхуПІэр еджакІуэхэм я шынагъуэншагъэмкІи тэмэму къызэгъэпэщащ. - щІыкІуа щхьэусыгъуэр зрамыигъэщІауэ абы и хъумакІуэхэм удагъэхьэнукъым, уи паспортри пІыгъын хуейщ.

- Лагерыр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщащ сыт и лъэныкъуэкІи, - жеІэ абы и унафэщІ Хьэгъундокъуэ Борис. - Псалъэм папщІэ, зэпымыууэ псы хуабэри псы щІыІэри къож, махуэм и кІуэцІкІэ тхуэнейрэ щІэщыгъуэу, къуаят зыщІэлъ ерыскъыкІэ сабийхэр догъаныж, медицинэ Іуэхутхьэбзэ хэхъуныуэ хъуэхми, сыт хуэдэ зэманкІи ар ягъуэтынуп. Ди деж зыщІызыгъэпсэхухэм я ныбжьым теухуауэ джэгуПІэхэри ди мащІэкъым. Иджыпсту сабий 217-м зыщагъэпсэху. Я ныбжьыкІэ ильэси 6-рэ ныкъуэм щегъэжьауэ ильэс 15-м нэсхэрщ лагерым щыІэхэр. Дэтхэнэми махуэ 21-кІэ зыщегъэпсэху ди деж. Лагерым и лэжьыгъэр зэрекІуэкІ щыкІэр щІэх-щІэхыпхэ кьапщІытэ КЪБР-м и прокуратурэм и Іэщ1агъэлІэхм икІи, ди гуапэ зэрыхъунщи, абы «Къурш псынэ» зыгъэпсэхуПІэр сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщу кьалъытэ.

Ныбжьыщ1эхэм ядэлажьэ гъэсакІуэхэм ящыщу процент 50-м щІэныгъэ нэхъыщхьэ яІэщ, студент жыджэрэри яхэтщ. Нэхъыщхьэращи, ахэр цІыкІуэхм яхуэщабэщ, дэтхэнэ зыми я Іэнатіэр тэмэму ирахьэкІ. ЗыгъэркІэ я сабийр лагерым дашынумэ, къыщІащтэж щхьэусыгъуэр тхыгъэ ди гъэнэн хуейщ адэ-анэхэм. Абыхэм сыт щыгъуи якІэпъоплъ гъэсакІуэхэр.

Псалъэм къигъэув хабзэхэр зэгъэзэщІэныжкІэ, зыгъэпсэхуПІэм кьекІуалІэ сабийхэм я гукъыдэжыр къэІэтыныжкІэ хузэфІэкІ къигъанэркъым а лагерыр зэгъэбыдыІа «Къурш псынэ» санаторэм и унафэщІ Абыдэ Хьисэ. Сабийхэри адэ-анэхэри арэзы щыІыным хузгъэпсащ абы и лэжьыгъэр, еТІуанэ гъэзгу ныбжьыщІэ щыкІуэхэм аргуэру къытрагъэзэжын хуэдэу.

ЗыгъэпсэхуПІэм кьекІуалІэхэм я нэгу зыщІагъэужь паркэхэм, кинотеатрэхэм, зооапаркэхэм яшэ, ди щІыналъэм и щІыпІэ дахэхэм зыщІагъэпІыхьэ, ирагъэщІыху. Я ныбжьым теухуауэ сабийхэр хэтщ зэпеуэ гъэщІагъэунэхэм - «Къурш псынэм» и тхьэІухуд», «Къурш псынэм» и щІалэ хахуэ», «ЗэфІэкІ зиІэхэр къыдолъыхъуэ», «Хьэщыкъ зэхуэхъуа ныбжьыщІэхэр» жьыуиІэхэм; кьафэнкІэ, спорткІэ, нэгъуэщІ кІэдкІи зохьэзохуэ. Мыбы кьекІуалІэ ныбжьыщІэхэр жьыджру хэтщ нэгъуэщІ лагерхэм драгъэкІуэкІ зэпеуэхэми икІи мызэ-мытІэу ягъ увыпІэхэр зыІэрагъэхьэф. Абы зыщагъэпсэху ди республикэм и мызакъуэу, Тыркум, Иорданием, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Мэздэгу, нэгъуэщІ щІыпІэхэми кьикІа сабийхэм.

- Ди деж зыщызыгъэпсэху сабийхэм ягу ирихьу щыІэщ, - жеІэ лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ Кьардэн Людмилэ. - Ар нэрылъагъу тщащІ сабийхэм я кІуэжьыгъуэр кьыщысам деж кьафекІуэ я нэпсхэм, адэ-анэхэм зэхьдагъэх псалъэ гуапэхэм.

ТАБЫЩ Динарэ.
Сурэтыр **Кьарей Элинэ** *трихащ.*

● Тэрч щІыналъэ

Хоккей джэгури къыхах

Урожайнэ къуажэм гулъытэщхуэ щыхуащІ къыдэкІуэтей щІэблэр спортым дегъэхьэныным.

ИДЖЫПСТУ яужь итщ, жьы хъуа школ унэм щыщ Іыхьэ Іуэхыу, хуит къэхъу щІы Іэнэщ1ыр спортымкІэ утыкум къыхагъэхъуэну. Къищынэмыщ1ауэ, къуажэ стадионыр зыхуей хуагъэзэнущ. Абы и хъуреягъкІэ къэкІыгъэхэр засэнущ, спорт зэхьэзэхуэхэм еплъыну къекІуалІэ Цыхухэр зытесын тетІысхьэПІэхэр ягъэувынущ. Къыхэгъэщ1ыпхъэщ къуажэдэс сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ папщІэ хоккей джэгуПІэ зэраухэурэ. Ар хьэзыр хъунущ щІымахуэм ирихьэлІэу. Къуажэ унафэщІым къызэрыхигъэщамкІэ, джэгуПІэ утыр пшанэ зэхэзэгъэхэм деж уэздыгъэхэмкІэ къагъэнэхунущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЛІэужьыр бжьиблкІэ мауэ

«Тетраграф» тхылъ тедзапІэм Ездэч Валерэ къыщыдигъэкІащ «Эздековы: История в документах и материалах» зыфІищ и лэжьыгъэр. Тхылъым уэрыІуплъэу, мыбы седжарэт, Ездэч лъэпкъым и тхыдэмрэ къыдекІуэкІ хабзэхэмрэ зыщыгъэгъуэзарэт жыуэгъэІэ. И тепльэкІэ екІущ, бзэ къабзэкІэ, щыуагъэ хэмыту зэрытхами гу лъыботэ...

ЕЗДЭЧХЭ тхыдэ купщІафІэ зиІэ лъэпкъжьащ, Къэбэрдейм абы и гугъу щащІу япэу ущыхуэзэр XIX лІэщІыгъуэм и 60 гъэхэрщ. Лъабжьэ щагъэзІтыльбауэ щытар иджы Кьулъкъуэжьи ИщхьэрэкІэ дыздэжа, Кьуэнхьэблэ фІэщыгъэр зезыхьэу щыта жьылэрщ. Тхылъым къыщыхьащ Ездэч унэцІэр къызытекІауэ кьалъытэ Іуэхугъуэхэмрэ (лъэпкъым и нэхъыжьхэм къызэраІуэтэжьмкІэ, дэфтэрхэм къызэрыхэщымкІэ) ар благъагъэкІэ зыбгъэдыхьэ лъэпкъхэм я унагъуэцІэхэмрэ. Тхылъыр зытхам диту кьегъэкІыж адыгэм «лІэужьыр бжьиблкІэ мауэ» жьхуиІэ хабзэр. Пэжщ, иужьрей зэманым хабзэм щебакъуэ, зэІыхьлыхэм я бынхэр щызэрагъэшхэ кьохъу. Абы кьыхэкІкІэ Ездэч Валерэ щогугъ и тхылъым благъагъэкІэ кьагъхьэу кьыщигъэльэгъуахэм сэбэп ар яхуэхьуну. «Сэ кьызгуроІуэ зэхуэтхьэ-са хьыбархэмрэ тхыгъэхэмрэ Ездэч лъэпкъым щыщ псори арэзы зэримыщІынкІэ. Сыту жыпІэмэ, ди лъэпкъым нэхъ тхыдэшхуэ кьыдекІуэкІ, ар сэ нэгъэсауэ къэсхутауэ къэслъытэркъым», - щыжеІэ и псалъащхьэм Ездэч Валерэ.

ТхакІуэм и лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпащ лъэпкъым емыкъэлІауэ, ауэ я къуэпсэхэр къыщежьа Кьуэнхьэблэ жылагъуэм теухуа нэгъуэщІ дэфтэрхэри, абы ХІХ лІэщІыгъуэм щыпсэуахэр къызыхэщ хьыбархэри. Тхылъым итхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Ставрополым я къэрал архивхэм, ар-хуэдэуи Москва, Санкт-Петербург, Тбилиси къыщыдагъэкІа тхылъхэм къыщыхьа дэфтэрхэри абы хигъэхьащ.

Тхылъыр егъэдахэ Ездэчхэ я щІыналъэм и щІыпІэ хьэлэмэт куэдым я сурэтхэм. Ахэр трихащ УФ-м и архив Іэнатіэм и лъэжьакІуэ, КЪБР-м и Къэрал архив Іуэхущ1апІэм и сурэттех Еутых Владимир. Кьынэмыщ1ауэ, Ездэч Валерэ гуп-гупу игуэшри, лъэпкъым и нэхъыжьхэмрэ щІэблэмрэ сурэткІэ зэкІэлъихьащ.

Ездэч Валерэ и лэжьыгъэ дахэмкІэ дохъуэхъу, лъэпкъыр щІагъэгушхуэн нэгъуэщІ куэди и Іэдакъэ къыщІэкІыну ди гуапэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● ТхылъыщІэ

● Дзюдо

Хьэбэчырэ Мурат и жэз медалыр

Дзюдомкі Іэ Азием и Кубокыр къэхьыным теухуауэ Тайвань къалэм (Китай) щекІуэкІа зэпеуэм КЪБР-м и спортсмен Хьэбэчырэ Мурат (кг 81-рэ) жэз медалыр къыщихьащ. Абы Азием, Европэм, псори зэхэту кьэрал 17-м я командахэр хэтащ. Бжьыпэр бысымхэм яубыдащ. Урысейм - етІуанэ, Китайм - ещанэ увыпІэхэр кьахьащ.

МУРАТ ятэ зепщытыгъуэм Корее Ипщэм и атлет Джунгминг Ли къыхихьащІэри, жэз медалым щІэбэнын хуей хъуащ икІи абдеж къыщигъэльэгъуащ ар и хьэрхуэрэгъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зэрефІэкІыр.

Хьэбэчырэ Мурат и тренер, КЪБР-м дзюдомкІэ и федерацэм и президент Емкъуж Мухэмэд щытуэрэ дыззэрищІамкІэ, Тайвань къикІыжмэ, ди спортсменыр Санкт-Петербург кІэнущ. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту абы дунейпсо чемпионатым зыщыхуэхьэзырыну ирагъэблэгъащ КЪБР-м дзюдомкІэ и школым и гъэсэнхэу Нэгуэр Айданэ, Мудрэн Беслъэн, Джэданэ Алим, ГъущІапщэ Самир сымэ.

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.

● КЪБР-м и прокуратурэм

Тэмэму ятхыркъым

«Урысей Федерацэм и щІыхуэр псэуПІэ ззэгъэрабгъукІэ, тынышпІэ зиІэкІэ къызэгъэпэщын» лъэпкъ проект пэрытым хьхьэу 2011-2015 гъэхэм ятещІыхьа «ПсэуПІэ» федеральнэ программэ хэхамрэ «Унэгъащ1эхэр псэуПІэкІэ къызэгъэпэщын» и программэм гуэдзэмрэ щагъэзащІэкІэ. Май къалэ администрацэр законодательствэм зэрытетыр куэйм и прокуратурэм къыпщытащ.

КЪУІЭЗРАХУТАМКІЭ, 2011-2015 гъэхэм ятещІыхьа «ПсэуПІэ» федеральнэ программэ хэхам хьыхьнухэм я тхылъхэр пэжу тхарэ мытхарэ зэхагъэкІырхъым. Абыхэм ящІыгъу документхэр зэхэхауэ ягъэбелджылыркъым, зыхуэдэр къагъэльагъэркъым, зэкІэлъыхьауэ ятхыркъым. Къищынэмыщ1ауэ, зыхуэфащэ тхылъхэр (заявленэхэр) зыта цІыхухэр учІетым зэрагъэзэуэ щыкІэр зэІумыбзщ, мылъкумкІэ яІэ хуитныгъэхэр зыхуэдэр ахэр щатх Іуэхущ1апІэхэм щІэрыщІэу щызэхуагъэкІуакъым, псэуПІэ къащхьэн щхьэкІэ 2014 гъэм унэгъащІэхэм социальнэ ахъщэ зэрыхухах щыкІэр зыгъэув Хабзэхэм я 15-нэ, 15.1-нэ пунктхэм зэрыщыбзыхуам тету, адрей документхэри къагъэщІэрэщІэжакъым.

Къэпщытэныгъэм къриклуам икІэ иткІэ, къаХута ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжыну кьалэн ящызыщІ тхылъ Май район администрацэм и Іэтащ1эм и цІэкІэ ятхащ.

КЪБР-м и прокуратурэм и прессэ-Іуэхущ1апІэ.

КхъыІэ, къысхуэвгъэгъу, делагъэ сщІащ

Псыгуэнсу кьуажэм и сэмэгурабгъумкІэ щыт бгыщхуэм и лъабжьым щІэтщ метр 50 хуэдиз зи лъагагъ бгы цІыкІу, и щыгур тафэ дахэу. Кьуажэдэсхэр абы зэреджэр «БгыщІыкІуащхьщ». Накъыигъэ-жэпуэгъуэ махуэщхуэхэр щыкІуэ, абы щІэныгъэ щагъэлъапІэу щытащ. Щхьэхьрым куэду ІэфІыкІэхэр кьрашырти, сабийхэри ягъэгуфІэрт, ягъэджэгурт.

КЪЭХЪУА ХЪЫБАР

МЫ ХЪЫБАРЫР зи нэгу щІэкІауэ къэзыІуэтэжар Псыгуэнсу кьуажэм и курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ илъэс 50-кІэ щезыгъэджа Хьэсанэ Хьэбашэщ.

Сталиным и цІэр зезыхьэ Псыгуэнсу колхозым Аруан щІыналъэм и бэракъ зэІэпахыр 1935 гъэм кьыхуагъэфэщауэ щытащ. БгыщІыкІущхьэм батэр щагъэшырт: Сатыр дахэу ирикІуэ Іэнэхэм я лъжьакІуэ пашэхэмрэ нэхъыжьыфІхэмрэ (бригадэ 13 хъурт) бгъэдэст. Гъэпхуэдэукъым ар зэрыщытыр, Звонцов», - жаІэ щхьэкІэ, зыми емыдаІуэу ар йожьэж.

Мыдэкі Э къыздэкІуэжам Къаламыкъым щІохьэри, Іуэхур кьыззэрекІуэкІар къэт щымыІэу хуеІуэтэж. БетІал ар къыпхуидэнт?! «Ди напэр тепхащ. Республикэм ззэрыщыІэрэ ильэсибл мэхъури, иджыри кьыздэсым хабзэр пщІэркъым. Щхьэ щІэльэныкъуэр зыхуагъэфащэр нэхъ пщІэ зыхуащІ цІыхухэрщ. ФІыщІэ яхуэпщІыным и пІэкІэ, я щыгъупІастэм нэмыпІэ епТри укъыщІэпхъуэжащ! Іэмал имыІэу гъэзэжи, нэхъыжьхэм захуэгъэзэ, кьыпхуагъэтэуну елъэІуэ». БетІал зэрыжиІам хуэдэу ищІащ. Бжьэ зырыз иужьрейуэ ефэжу зэхэсу Звонцовыр яхьыхьэжри, нэхъыжьхэм яжриІащ: «Хабзэр фІыуэ зэрымыщІэм кьыхэкІыу делагъэ сщІар кьысхуэвгъэгъуну сынывольэІу!»...

ЯХЭГУАУЭ Берд.

Шэрджэс

Кавказ гукъэкІыжхэр.

200

Мы сурэтитІыр урыс усакІуэшхуэ Лермонтов Михал 1838 гъэм ищІащ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкіэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Эзыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щхьэхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; къыбарыщ1эхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзыкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхутыгъэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытехэм ящІэ, ауэ ар. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр зэхъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КЪБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору Жьэкіэмыхьу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2, 4, 6-нэ),* **ІІхьытІыкІ Аэмэт** *(1, 3, 5-нэ), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Мырэзкъан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэзбахуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 3.065● Заказ №1515